UNSUR DIDAKTIS DALAM TUMUSING PANALANGSA

Direktorat
udayaan
22

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

UNSUR DIDAKTIS DALAM TUMUSING PANALANGSA

HADIAH
DARI
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL

Penulis/Pengkaji :

Drs. S u l o s o	–	Ketua
Drs. Slamet DS	–	Anggota
Drs. A. Abdurachman	–	Anggota
Rr. Sri Sulansih	–	Anggota
Dra. Endang Triwinarni	–	Anggota
Drs. Sisyono Eko Widodo	–	Anggota
Drs. A. Indratmo	–	Anggota

Editor
I Made Purna.

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA
1991 – 1992

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dalam pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang

hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Unsur Didaktis Dalam Tumusing Panalangsa.

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka pengadilan nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Desember 1991

Direktur Jenderal Kebudayaan

Drs. GBPH. Poeger
NIP. 130 204 562

KATA PENGANTAR

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah dari Jawa Tengah yang berjudul Unsur Didaktis Dalam Tumusing Panalangsa, isinya tentang Penderitaan Seorang Istri yang ditinggal pergi oleh suaminya yang tidak kunjung datang karena suaminya telah menikah dengan gadis lain.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai Didaktis yang mengajarkan ajaran moralitas dan cara memilih jodoh yang baik yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Desember 1991

Pemimpin Proyek



Sri Mintosih B.A.
NIP. 130 358 048

DAFTAR ISI

		Halaman
Sambutan Direktur Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan		iii
Kata Pengantar		v
Daftar Isi		vii
BAB I	PENDAHULUAN	1
	1.1 Latar Belakang	1
	1.2 Masalah	5
	1.3 Tujuan Penelitian	6
	1.4 Ruang Lingkup	6
	1.5 Metodologi	6
	1.5.1 Sumber Data	6
	1.5.2 Metode Pengumpulan Data	7
	1.5.3 Pengolahan Data	7
	1.5.4 Landasan Teori	7
	1.6 Sistematika Penulisan	10
BAB II	PENYAJIAN TEKS	12
	2.1 Transliterasi	12
	2.2 Terjemahan	50

BAB III ANALISIS STRUKTUR DAN UNSUR DIDAKTIS 89
3.1 Ringkasan Cerita 89
3.2 Fakta-fakta Cerita 91
3.2.1 Alur 92
3.2.2 Penokohan 100
3.2.3 Latar 111
3.3 Tema 116
3.4 Sarana-sarana Sastra 117
3.4.1 Judul 117
3.4.2 Konflik 118
3.4.3 Sudut Pandang 120
3.5 Unsur-unsur Didaktis 121
BAB IV KESIMPULAN 127
DAFTAR PUSTAKA 129

BAB I
PENDAHULUAN

1.1 Latar Belakang

Penyair adalah pelamun yang diterima masyarakat (Wellek, 1989 : 92). Sudah barang tentu lamunan dalam pengertian ini bukanlah merupakan pelarian dari kenyataan karena tidak dapat memenuhi tuntutan untuk menyangkal pemuasan insting, seperti apa yang dikatakan Freud. Pelamun dalam pengertian ini tidak hanya bermimpi menuliskan khayalannya, tetapi melakukan tindakan eksternalisasi dan menyesuaikan diri dengan masyarakat. Dengan demikian penyair memiliki kepekaan rasa yang tajam, sehingga mampu melihat dan menangkap fenomena-fenomena yang terjadi di dalam masyarakatnya, yang kurang mampu atau bahkan tidak diperhatikan oleh masyarakatnya. Bahkan penyair pada jaman Romantik dianggap menciptakan dunia baru, melanjutkan penciptaan alam, bahkan dalam bentuk yang lebih sempurna (Luxemburg, 1989 : 7). Oleh sebab itu bukan suatu kebetulan apabila pada jaman kerajaan dahulu penyair (baca: pujangga) mempunyai kedudukan yang cukup tinggi di dalam strata sosial masyarakat.

Eastmen (dalam Wellek, 1989 : 30) menyatakan, bahwa fungsi penyair adalah membuat kita melihat apa yang sehari-hari sudah ada di depan kita, dan membayangkan apa yang secara konseptual dan nyata sebenarnya sudah kita ketahui. Dengan demikian penyair dapat mengangkat ke permukaan fenomena-fenomena yang terjadi di dalam masyarakatnya yang terluput dari perhatian para warganya. Bahkan lebih jauh penyair harus mempunyai komitmen untuk turut memberikan alternatif jawaban sebagai pemecahan terhadap problema-problema yang terjadi di dalam masyarakatnya lewat karya sastra yang diciptakannya.

Hal itu sejajar dengan fungsi sastra itu sendiri seperti yang dirumuskan oleh Horace (dalam Wellek, 1989 : 25; Teeuw, 1984 : 183) bahwa fungsi sastra adalah *dulce* dan *utile:* indah dan berguna. Kedua fungsi tadi harus saling berkaitan dan tidak dapat dipisahkan. Pandangan bahwa sastra adalah menghibur berarti bertentangan dengan pandangan bahwa sastra itu mengajarkan sesuatu. Dengan demikian tidak menghargai ketekunan, keahlian dan perencanaan sungguh-sungguh penyair, dan berarti tidak menganggap karya sastra sebagai karya yang serius dan penting. Berarti kreativitas dan kepekaan perasaan penyair hanya dinilai sebagai kegiatan bermain-main dan iseng belaka. Sebaliknya jika karya sastra dianggap sebagai hasil kerja atau keahlian, berarti melupakan kesenangan yang ditimbulkan oleh karya sastra. Dengan demikian kedua fungsi tadi bukan hanya harus ada, melainkan harus saling mengisi. Kesenangan yang diperoleh dari sastra bukan seperti kesenangan fisik lainnya, melainkan kesenangan yang lebih tinggi, yaitu kontemplasi yang tidak mencari keuntungan. Sedang manfaatnya yang bersifat didaktis adalah keseriusan yang menyenangkan, keseriusan estetis, keseriusan persepsi.

Berdasarkan hal di atas, maka timbul anggapan, bahwa penyair menciptakan karya sastra tentu bukan tanpa tujuan, tetapi penyair pasti ingin menyampaikan sesuatu kepada pem-

bacanya. Sesuatu itu antara lain dapat juga berbentuk ajaran atau nilai didaktis.

Sudah menjadi kenyataan umum, bahwa karya sastra Jawa, terutama sastra Jawa tradisional banyak mengungkapkan nilai-nilai didaktis kepada masyarakatnya. Hal itu dapat dilihat misalnya pada karya sastra yang bernafaskan mistik seperti serat-serat suluk, *Serat Dewaruci, Serat Wirid Hidayat Jati* dan yang sejenisnya dijadikan sebagai pola acuan bagi manusia Jawa untuk dapat memahami "sangkan paraning dumadi" dan bahkan "manunggaling kawula Gusti". Di samping itu banyak juga sastra-sastra *wulang* seperti *Wulangreh, Wedhatama, Wulang Putri, Wulang Estri* dan yang sejenisnya yang dijadikan pola acuan bagi manusia Jawa untuk bertindak dan bertingkah laku di dalam masyarakat. Oleh sebab itu tidak berlebihanlah apabila Kuntowijoyo (1987 : 41–42) mengemukakan, bahwa penulisan buku-buku seperti Serat Wirid, Serat Suluk, *Serat Centhini, Kalatidha, Wedhatama, Wulangreh* dan sebagainya itu merupakan upaya pendidikan humaniora yang penting bagi masyarakat Jawa. Hal itu sebenarnya sejajar dengan asal-usul kata sastra itu sendiri. Secara etimologis, kata sastra berasal dari bahasa Sansekerta; akar kata *sas* berarti: 'mengarahkan, mengajar, memberi petunjuk atau instruksi'. Akhiran *tra* biasanya menunjukkan alat, sarana. Maka dari itu *sastra* dapat berarti alat untuk mengajar, buku petunjuk, buku instruksi atau pengajaran (Teeue, 1984 : 23).

Bertolak dari kenyataan di atas, pada kesempatan ini penulis ingin mengkaji salah satu karya sastra Jawa yang berjudul *Tumusing Panalangsa* ini berbentuk novel, yang bermedium bahasa Jawa ragam *krama*. *Tumusing Panalangsa* diterbitkan oleh Balai Pustaka tahun 1930 dengan nomor serie 885. Novel ini dicetak dengan huruf Jawa. Dengan demikian bagi pembaca yang kesulitan membaca huruf Jawa tentu saja juga kesulitan dalam memahami novel *Tumusing Panalangsa* ini. Meskipun dituangkan dalam bahasa Jawa ragam krama, secara sepintas mudah dipahami oleh penutur Jawa, yang masih lekat dengan bahasa Jawa.

Novel *Tumusing Panalangsa* ini layak untuk diangkat ke permukaan, karena mengungkapkan nilai-nilai didaktis yang sangat penting artinya bagi hidup dan kehidupan manusia, terutama manusia Jawa.

Novel *Tumusing Panalangsa* menceritakan tentang penderitaan seseorang isteri yang bernama Sudiyah, yang sudah mempunyai anak satu yaitu Suhardi, tetapi ditinggal pergi oleh suaminya yaitu Suhardi ke kota mencari pekerjaan. Beberapa bulan Sudiyah menunggu kedatangan suaminya, tetapi tidak kunjung datang. Oleh sebab itu dengan menggendong anaknya yang masih bayi, Sudiyah pergi meninggalkan desanya dan mencari suaminya. Ternyata penderitaan Sudiyah tidak hanya berhenti sampai di situ saja, karena ternyata suaminya telah menikah lagi dengan gadis lain. Kenyataan pahit yang harus diderita oleh Sudiyah itu hampir membuat Sudiyah putus asa. Untunglah keluarga Karta Mamad bersedia menampung Sudiyah, bahkan dianggap seperti anak sendiri. Oleh karena kebaikan budi Sudiyah, maka kemudian Wakidin seorang Carik Desa melamar Sudiyah untuk dijadikan isterinya. Sejak perkawinannya dengan Wakidin itulah Sudiyah dapat merasakan kebahagiaan. Bahkan suaminya yang tekun dalam pekerjaan itu selalu naik pangkat, sehingga jabatan terakhir yang disandangnya adalah Asisten Wedana. Begitu juga Suhardi, anak Sudiyah juga berhasil menjadi seorang guru dan menikah dengan Suharti. Lain halnya Suharji, suami Sudiyah yang pertama, karena kesukaannya hanya bermain judi, akhirnya hidup sengsara. Bahkan oleh karena membawa lari uang majikannya dan tidak dapat mengembalikan, Suharji bunuh diri dengan menggantung diri.

Apabila diperhatikan secara sekilas, maka nampaknya bahwa persoalan yang ditampilkan pengarang sebenarnya persoalan yang sederhana. Persoalan yang biasa terjadi dalam kehidupan sehari-hari. Oleh karena kesederhanaannya itulah kadang-kadang masalah-masalah seperti itu terluput dari perhatian kita. Akan tetapi di balik kesederhanaan itu tentu ada sisi lain yang ingin disampaikan pengarang kepada pembaca. Dengan

kata lain pengarang tentu mengajarkan sesuatu kepada pembacanya. Misalnya hal itu tercermin pada *ending* cerita ini, di mana orang yang tabah dalam penderitaan akhirnya akan menemui kebahagiaan, sedangkan orang yang tamak dan jahat akhirnya akan menemui kesengsaraan.

Untuk menangkap makna atau nilai didaktis apa yang ingin disampaikan oleh pengarang bukanlah suatu hal yang mudah. Hal itu disebabkan pemahaman terhadap suatu karya sastra merupakan tindak komunikasi, sedangkan komunikasi di dalam sastra bukanlah komunikasi yang biasa, karena sastra mempunyai banyak segi yang aneh dan luar biasa dibanding dengan tindak komunikasi yang lain.

Karya sastra terdiri atas beberapa unsur yang membentuk satu kesatuan struktur intrinsik. Unsur-unsur tersebut saling berjalinan satu dengan yang lain, sehingga untuk memahami makna utuh suatu karya sastra harus mempertimbangkan keterjalinan unsur-unsur struktur tersebut. Demikian juga dengan *Tumusing Panalangsa*. Untuk dapat merebut makna yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa* harus mengkaji unsur-unsur struktur yang saling berjalinan tersebut.

1.2 Masalah

Berdasarkan latar belakang yang telah penulis ungkapkan di depan, maka dapat dirumuskan beberapa permasalahan sebagai berikut:

1) Bagaimanakah tema yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa?*
2) Bagaimanakah fakta-fakta cerita yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa?*
3) Bagaimanakah sarana-sarana sastra yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa?*
4) Nilai ajaran apakah yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa?*

1.3 Tujuan Penelitian

Setiap aktivitas manusia tentu tidak akan lepas dengan tujuannya. Adapun tujuan dalam penelitian ini adalah sebagai berikut:

1) Mendeskripsikan tema yang terdapat di dalam ceritera *Tumusing Panalangsa.*
2) Mendeskripsikan fakta-fakta cerita yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa.*
3) Mendeskripsikan sarana-sarana sastra yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa.*
4) Mendeskripsikan ajaran-ajaran yang terkandung di dalam cerita *Tumusing Panalangsa.*

1.4 Ruang Lingkup

Penelitian ini bertitik tolak dari anggapan bahwa karya sastra adalah merupakan struktur yang otonom. Oleh sebab itu pengkajiannya harus dititikberatkan pada struktur yaitu unsur-unsur yang berjalinan yang membangun sebuah kesatuan yang utuh. Unsur-unsur yang berjalinan tersebut adalah tema, fakta-fakta cerita dan sarana-sarana sastra. Khusus mengenai sarana-sarana sastra, pembahasan dibatasi hanya meliputi judul, konflik dan point of view atau sudut pandang.

1.5 Metodologi

Penelitian ini termasuk penelitian pustaka atau *library research,* yaitu penelitian yang bertujuan untuk mengumpulkan data dan informasi dengan bantuan buku-buku, majalah, naskah-naskah, cetakan, kisah sejarah, dokumen, dan lain-lain yang terdapat di ruang perpustakaan (Kartini Kartono, 1976 : 44–45).

1.5.1 Sumber Data

Sumber data dalam penelitian ini dapat dibagi menjadi dua bagian, yaitu sumber data primer dan sumber data sekunder.

Sumber data primer dalam penelitian ini adalah Novel *Tumusing Panalangsa* karya Mas Siswamiharja, yang diterbitkan oleh Balai Pustaka dalam huruf Jawa cetak pada tahun 1930 dengan seria No. 885. Sedangkan sebagai sumber data sekunder adalah berupa buku-buku, majalah, artikel-artikel dan sebagainya yang ada gayutnya dengan penelitian ini.

1.5.2 Metode Pengumpulan Data

Pengumpulan data dilakukan dengan metode simak, yaitu penelitian melakukan penyimakan secara langsung terhadap karya sastra yang menjadi objek penelitian. Penyimakan ini dilakukan dengan cara membaca secara berulang-ulang terhadap teks yang menjadi objek kajian. Metode ini dapat disejajarkan dengan metode pengamatan atau observasi di dalam ilmu sosial, khususnya antropologi (Bachtiar, dalam Koentjaraningrat, 1979 : 137–161). Metode simak ini dilakukan dengan teknik dasar sadap, yaitu peneliti dengan segenap kemampuan intelektual dan kepekaan rasanya berusaha menyadap data yang berasal dari sumber data. Teknik selanjutnya adalah teknik catat, yaitu mencatat dari semua hasil penyadapan tadi. Setelah data tercatat barulah diadakan klasifikasi data berdasarkan keperluan pembahasan lebih lanjut.

1.5.3 Pengolahan Data

Berdasarkan klasifikasi data tersebut di atas, maka dibuatlah deskripsi struktur cerita *Tumusing Panalangsa*, yang meliputi tema, fakta-fakta cerita dan sarana-sarana cerita.

Berdasarkan deskripsi struktur tersebut akan dapat ditemukan nilai-nilai ajaran yang terdapat di dalam cerita *Tumusing Panalangsa*.

1.5.4 Landasan Teori

Dasar yang kuat untuk pandangan yang menganggap bahwa karya sastra sebagai struktur yang otonom sebenarnya telah dicanangkan oleh Aristoteles dalam bukunya yang berjudul

Poetika. Buku ini ditulis di sekitar tahun 340 sebelum masehi di Athena. Aristoteles membicarakan struktur karya sastra dalam konteks tragedi, terutama mengenai alur. Menurut Aristoteles, secara hirarki alur mendahului dan lebih utama dari penokohan. Alur harus memiliki keseluruhan *(undeness)* dan untuk itu harus dipenuhi empat syarat, yakni: 1) *order,* 2) *amplitude (complexity),* 3) *unity* dan 4) *connection (coherence).* Konsep Aristoteles ini berpengaruh kuat di dalam dunia sastra Barat. Kesatuan, keseluruhan, kebulatan dan keterjalinan dianggap dapat merupakan syarat bagi setiap karya sastra yang berhasil. Oleh karena itu konsep ini dianggap wajar, alamiah, dan bahkan universal (Teeuw, 1984 : 120–121).

Meskipun dasar itu telah dicanangkan jauh sebelum masehi, tetapi sebagai satu metode yang dianggap mampu dalam penghampiran masalah, terutama dalam bidang sastra, baru muncul setelah melalui jangka waktu yang cukup panjang, yaitu abad ke-20. Model pendekatan ini dirintis oleh kelompok Formalis Rusia, yang dipelopori oleh Boris Eichenbum, Victor Schlovsky dan Roman Jakobson.

Pada tahun 1930 aliran strukturalis ini dilarang oleh pemerintah Joseph Stalin, dengan alasan tidak sesuai dengan konsep marxis. Meskipun demikian, aliran ini terus berkembang di Praha, yang dipelopori oleh Mukarovsky, Vodicka dan Rene Wellek. Baru pada tahun 1960-an berhasil mengembangkan konsep-konsep yang kuat (di Perancis) yang dipelopori oleh Roman Jakobson dan Rene Wellek. Kemudian baru tahun 1965 berkembang luas dengan tokoh-tokoh terkemuka: Claude Levi-Strauss dan Roland Barthes yang disusul oleh: Todorov, Greimas, Bremond, Genette dan Julia Kristeva (Teeuw, 1984 : 132–133). Di Indonesia aliran ini diwakili oleh beberapa sarjana yang tergabung dalam kelompok Rawamangun, seperti M. Saleh Saad, M.S. Butagalung, Lukman Ali dan S. Effendi.

Sebagai satu pendekatan, konsep struktur dirasakan telah memberikan manfaat yang lebih besar terhadap usaha pemahaman segi-segi kehidupan yang bersifat multi-dimensional.

Konsep struktur dengan demikian telah membawa manusia pada satu lembaran sejarah baru menuju pengamatan yang lebih luas terhadap kemungkinan-kemungkinan perkembangan kehidupan tersebut. Oleh karena itu, strukturalisme selain berguna untuk penelitian sastra, juga merupakan pandangan hidup.

Konsep struktur bermula dari anggapan bahwa segala sesuatu di dunia ini terbentuk dari relasi bukan wujud yang berdiri sendiri. Oleh karena itu antar hubungan merupakan faktor yang penting dan menentukan dalam totalitas karya sastra. Melalui pengertian inilah kemudian berkembang tiga konsep struktur, yaitu: 1) *the idea of wholeness internal coherence* (gagasan keseluruhan koherensi intrinsik), 2) *the idea of transformation* (gagasan transformasi) dan 3) *the idea of self regulation* (gagasan regulasi diri) (Hawkes, ed; 1978 : 16–28).

Strukturalisme dianggap memiliki relevansi yang tinggi dalam pendekatan masalah. Relevansi ini telah menjadi keyakinan para sarjana, seperti yang dikemukakan oleh Teeuw (1984 : 154) bahwa bagi setiap peneliti, struktur adalah merupakan tugas utama yang harus dilakukan. Dari segi mana pun usaha pemahaman yang akan dilakukan, struktur sesungguhnya sulit untuk dihindari.

Karya sastra sebagai salah satu fenomena sosial dengan demikian dianggap sebagai kesatuan yang bulat, memiliki koherensi intrinsik. Dalam keseluruhan itu, setiap bagian atau unsur tersebut mendapatkan makna sepenuhnya dari totalitas teks. Dalam pemahaman karya sastra, proses ini disebut lingkaran hermeneutik. Dengan pengertian ini maka unsur dalam struktur tidak dimungkinkan untuk mempunyai arti dalam dirinya sendiri, tetapi ditentukan oleh hubungannya dengan unsur yang lain, yang masing-masing saling terlibat dalam struktur tersebut. Dengan kata lain strukturalisme memandang kenyataan bukan melalui benda secara individual, tetapi dalam relasinya satu sama lain dalam totalitas fakta.

Sesuai dengan hal tersebut, maka analisis struktural bertujuan untuk membongkar dan memaparkan secermat, seteliti

dan mendalam mungkin keterkaitan dan keterjalinan semua anasir dan aspek karya sastra yang bersama-sama menghasilkan makna menyeluruh (Teeuw, 1984 : 135).

Oleh Stanton (1865 : 11) struktur cerita rekaan dibagi menjadi 1) tema, 2) fakta-fakta cerita dan 3) sarana-sarana sastra. Fakta-fakta cerita terdiri atas tokoh, latar dan alur. Sedangkan pengarang mengolah tema dan fakta-fakta cerita dengan sarana-sarana sastra. Di antara sarana-sarana sastra ini adalah judul, pusat pengisahan, simbolisme, humor, ironi dan sebagainya.

Di samping itu karya sastra tidak hanya cukup bila hanya dianalisis secara struktural saja, tetapi harus pula ditambah dengan analisis yang lain (Teeuw, 1984 : 154). Oleh karena itu di dalam analisis ini juga ditampilkan unsur-unsur didaktis atau ajaran yang dapat dipetik dari karya sastra yang menjadi objek analisis ini. Hal ini disesuaikan dengan fungsi karya sastra dan konsep estetika Jawa lama. Rene Wellek dan Austin Warren (1989 : 24–26) mengatakan bahwa fungsi karya sastra adalah *dulce et utile* 'menyenangkan dan berguna'. Selain itu pada umumnya konsep estetika cerita lama tidak lepas dari sifat pragmatis atau didaktisnya. Karya sastra itu diciptakan untuk tujuan tertentu, yaitu terutama untuk tujuan pendidikan. Dengan kata lain cerita tidak semata-mata untuk mengemukakan keindahan, melainkan untuk mengemukakan ajaran.

1.6 Sistematika Penulisan

Adapun sistematika penulisan di dalam penelitian ini adalah dapat dirumuskan sebagai berikut:

Bab pertama merupakan pendahuluan, yang akan mengemukakan tentang latar belakang, masalah, tujuan penelitian, ruang lingkup, metodologi serta sistematika penulisan.

Bab dua merupakan penyajian teks *Tumusing Panalangsa,* yang meliputi transliterasi dan terjemahan.

Pada bab tiga akan disajikan analisis struktur dan unsur didaktis, yang meliputi: ringkasan cerita *Tumusing Panalangsa,*

tema, fakta-fakta cerita, sarana-sarana cerita serta unsur-unsur didaktis.

Sedangkan pada bab empat merupakan kesimpulan dari penelitian ini.

BAB II
PENYAJIAN TEKS DAN TERJEMAHAN

2.1. TRANSLITERASI

1) Madosi Ingkang Jaler */3/*

Watawis jam nem sonten wayah surya sampun serap, tetiyang dhusun Karangmadya sami nyumedi damar, deni ingkang radi kacekapan sami nyumedi lampu gentung utawi teplok, larelare angen sami anggiring maesa dhateng kandhangipun piyambak-piyambak nunten dipunpathoki, swaranipun pating grathok adamel regeng ing dhusun Karangmadya. Saya dangu margimargi saya sepen, griya-griya sami tutup kori, jalaran tetiyangipun ingkang kathah sami sayah mentas nyambut damel rekaos nalika siyangipun, wiwit enjing dumugi sonten, namung tiyangtiyang ingkang kaleres kemit sami mangkat dhateng cakruk utawi dhateng kelurahan perlu nampi giliran jagi dhusun, manawi sampun mangsanipun lajeng sami mideri griya-griya sarwi nuthuki kenthongan turut margi ngiras gugah-gugah tiyangtiyang ingkang sami tilem kepatos, mbokmanawi wonten durjana, menggah tiyang-tiyang kemit punika limrahipun dipun kepalani (pangajengi) dening prabot dhusun namanipun kumandhir.

Ing dulu punika prabot dhusun nama Karta Mamad kaleres tampi giliran dados kumendhir, mila kirang langkung jam wolu dalu sampun/ wangsul saking langgar terus nedha, bakda /4/ nedha lajeng mendhet penthungipun tumunten mangkat dhateng cakruk perlu kumendhir, dalu punika kaleres petengan. Sareng lampahipun Karta Mamad watawis pikantuk kalih dasa tindak sumerep regemengipun tiyang saking kidul mengaler, sareng celak lajeng dipun takeni:

"Sinten nika ?"

"Kula"

"Kula sinten ?"

"Kula tiyang Karang Gudhe"

"Karang Gudhe Pasir napa Karang Gudhe Patikraja ?"

"Karang Gudhe Patikraja".

Karta Mamad lajeng ngerek, sareng sampun murub saged cetha bilih ingkang dipunpitakeni punika tiyangestri nem-neman ngem ban lare. Karta Mamad anglajengaken pitakenipun:

"Sampeyan wong Karang Gudhe teka wanci ngaten onten ngriki niku saking pundi ?"

"Kula saweg dhateng saking Karang Gudhe badhe dhateng Baturaden nanging lajeng kepetengan ngaten".

"Lah pangkat sampeyan saking Karang Gudhe wayah napa ?"

"Pancenipun inggih taksih enjing nanging kala wau kula kapeksa kendel ing peken Purwasari dangu sanget jalaran jawahipun/ ageng".

"Napa sampeyan empun tau teng Baturaden ?"

"Saweg sepisan punika".

"Baturaden saking ngriki taksih telung pal dalane rekasa tur turut alas dadi sampeyan kudu leren onten ngriki, napa sampeyan duwe sanak onten ngriki ?"

"Boten".

"Lah karep sampeyan lajeng pripun ?"

"Boten langkung kula inggih namung nyuwun pitulungan sampeyan sagedipun pikantuk pasipengan sadalu punika".

Kala semanten Karta Mamad luntur welasipun dhateng tiyang ingkang saweg sepisan pinanggih punika.

Enggaling cariyos tiyang estri wau kabekta dhateng griyanipun kapasrahaken dhateng ingkang estri sarta KartaMamad lajeng wangsul malih dhateng cakrukan.

Menggah griyanipun Karta Mamad punika boten patos sae ananing katinggal resik gumrining, pirantosing griya ingatasipun tiyang dhusun kalebet pepak tur sarwa resik mracihnani bilih ingkang gadhah griya satunggaling tiyang radi sumerep dhateng tata. Mbok Karta grapyak sanget grapyak dhateng tamunipun sanajan/ pisegahipun namung sakadaripun nanging pinter bingahipun angresepaken, netepi bebasan senajan orang boja nanging krama. Mila tamunioun ing batos ngalem dhateng wewatekanipun ingkang gadhah griya jaler estri, dangu-dangu Mbok Karta pitaken:

"Sampeyan Karang Gudhe nak ?"

"Inggih".

"Nama sampeyan sinten ?"

"Nama kula Sudiyah".

"Napa sampeyan gadhah semah ?"

Sudiyah mireng pitakenipun Mobk Karta Mamad mekaten punika manahipun bingung, mila ngantos dangu anggenipun mangsuli tur wangsulanipun kanthi seret:

"Inggih gadhah".

"Kenging napa sampeyan piyambakan mawon ?"

"O, makaten mbok. Semah kula kesah saking Karang Gudhe sampun lami. Nalika kesahipun thole punika taksih wonten ing weteng gangsal wulan".

"Dadi nalika laire putra sampeyan niku bapake mboten oten ngomah ?"

"Inggih, malah ngantos sepriki dereng wangsul".

"Mangka umure putra sampeyan niku empun pinten sasi ?"

"Yen mboten lepat sampun setahun leres".

"Yen ngoten kesahe semah sampeyan empun meh kalih/ /7/ tengah tahun ?"

"Inggih kintenipun".

"Napa mboten nate aweh kabar ?"

"Wiwit kesah sepisan mawon dereng".

"Lah wau bapakne cariyos teng kula yen sampeyan niku ajeng teng Baturaden perlune napa ?"
"Punika makaten mbok, nalika wulan kepengker tiyang dhusun Kalirajut ingkang sok ambektani gamping dhateng Baturaden criyos dhateng kula yen bapakipun thole sapunika wonten Baturaden dados mandoripun Tuwan iang Taturaden ngriku".
"O, dados mekaten. La namane semah sampeyan sinten ? Sebab mandore Tuwan Plembos ing Baturaden ngriku yen mboten lepat onten telu, kabare sing setunggal lare Banjar, satunggale lare Cilacap, satunggale malih lare wetan, kilap wetan pundi".
"Naminipun semah kula Suharji saking dhusun Pancak bawah Banjar".
Mbok Karta mireng nama Suharji sanget kageting manahipun sarta sanget welasipun dhateng Sudiyah awit piyambakipun sumerep cetha bilih mandhoripun Tuwan Plembos ingkang nama Suharji dereng dangu punika mentas semah wonten ing dhusun Ketawis pikantuk anaking tepanganipun, malah nalika pangantenipun/ Suharji, Mbok Karta ugi tumut jagong, mila mbok /8/ Karta nalika punika kewedan sangat anggenipun badhe nglajengaken ginemanipun kaliyan Sudiyah, sebab manawi badhe cariyos kawontenanipun Suharji ing sayektosipun gek badhe kados menapa kemawon kageting manahipun, yen mboten dipun cariyosi inggih kados pundi, pepuntoning manahipun bab punika badhe karembag rumiyin kaliyan ingkang jaler.
"Lah sebabe kesah niku pripun ?"
"O, makaten purnanipun mbok, kula punika wonten dhusun Karang Gudhe sengsara sanget jalaran kang putra bapakipun thole mboten nyambut damel dene ingkang minangka tedha kula tiyang kakalih ing saben dintenipun namung angsal-angsalan kula berah nyerat (mbathik), embok saget anggalih piyambak sepinten ta pikantukipun tiyang berah ambathik, bebasanipun mbok dipangan karo gawangane ora wareg".
"O, inggih nak, panci mboten".
"Senajan makaten mbok, inggih kulalampahi kemawon awrat-awratipun tiyang pados tedha".
"Lha semah sampeyan pedamelane napa ?"/ /9/

"Damelanipun inggin namun gtengga griya, sebab anggen kula berah ambathik punika yen wanci siyang kula ngendon wonten griyanipun ingkang gadhah bathikan perlunipun supados kula pikantuk tedha, dados berahinpun kenging kula tumbasaken tedhanipun kang putra bapake thole, yen dalu kula garap wonten griya supados enggala rampung, makaten salaminipun. Nuju satunggaling dinten semah kula pamitan badhe kesah ngupados pedamelan sarta prajanji, yen sampun pikantuk pedamelan kula badhe tumunten dipun purugi, sarehning piyambakipun nedha sangu kula mboten gadhah kapeksa kula sukani sesupe tilaranipun tiyang sepuh kula purih anggantosaken, wusana ....

Saweg semanten Sudiyah anggenipun criyos mbok Karta sampun mboten mentala mirengaken mila lajeng awad-awad sampun arip sarta tamunipun dipun papanaken wonten ing senthong dalunipun mboten kacariyos.

Jam gangsal enjing Pak Karta Mamad sampun wangsul saking cakruk, sadhatenipun ing griya lajeng ththok-thothok kori, nalika samanten mbok Karta mpun tangi sareng mireng korinipun dipun thothok ing tiyang enggal menyat ngengakaken kori, Pak Karta lajeng terus lumebet ing griya. Nalika semanten tamunipun taksih tilem kepatos jalaran sayah sanget mentas/ lumampah tebih. /10/

Kacariyos mbok Karta lajeng nyelaki ingkang jaler nyariyosaken bab kawontenanipun tamunipun, Kak Karta mireng cariyosipun ingkang estri sakala anjenger rumaos manggih lelampahan ingkang adamel ngeres inggih leres Sudiyah punika tiyang sanes sarta saweg sepisan punika pinanggih nanging rehning Pak Karta satunggaling tiyang ingkang ambek welasan wah malih anglenggahi tepa slira, mireng kawontenan makaten punika raosing manahipun trenyuh sangat wusana lajeng wicanten dhateng ingkang estri:

"Lah kuwi embokne wong kang orangngerti menyang rasakamanungsan bojo kok mung dianggep sandhangan bae yen wis ora dhemen ganti yen mangkono rak mung bakal gawe sengsarena wong wadon bae".

"Inggih pancen ngaten pakne mila kula mesakake sanget dhateng tamu kula niki, wong anggone keraya-raya saking Karang Gudhe mriki ajeng nusul sing lanang, kari-kari sing lanang empun rabi malih, lah saniki kepripun prayogine napa becik dikandhakake napa mboten?"
"mbok, iku mula ngewuhake upama dikandhakake bakal /11/ kaya/ ngapa kagete, yen oraa ya gek kepriye ?"

Wusana kekenthelaning rembagipun Pak Karta jaler estri, bab kawontenaipun Suharji enggih badhe kacariyosaken saking sakedhik mila rembagipun Pak Karta jaler estri, tamunipun badhe kacandhet rumiyin sawatawis dinten ngiras badhe dipun lilipur manahipun, sokur bage yen Sudiyah purun manggen wonten ing ngriku salami-laminipun, semanten kasaenanipun Pak Karta Mamad Jaler estri dhateng tamunipun ingkang saweg pinanggih sepisan punika.

Watawis jam wolu enjing Sudiyah saweg tangi lajeng medal saking senthong sarwi ngemban anakipun, Pak Karta Mamad jaler estri sampun linggih wonten ing ngajengan, sumerep wujudipun Sudiyah manahipun maksedhot nanging lajeng sinamun wicantenipun:
"Enggo ngriki mawon nak padha sarapan kriyin".
"Enggih pak".
"Napa wau dalu saget tilem, wong onten ngriki hawane asrep sanget".
"O, enggen kula tilem sekeca sanget pak mila ngantos kesiangan."
Pak Karta Mamad saweg eca-eca ngombe wedang, ing jawi/ /12/ wonten swaraning tiyang, kula nuwun !
"Sinten ?"
"Kula Kartadi".
"Lho king pundi mawon Dhi ?"
"Mentas jagi saking Asistenan, punika wonten serat".
Kartadi lajeng mendhet kartu pos saking kanthonganipun rasukanipun kaulungaken dhateng Pak Karta saha terus pamitan.
"Mbok mengko, ngombe wedang kriyin ta Dhi ?"

"Kesuwun kang, lampah kula kesesa badhe ngeteraken serat dhateng Kelurahan".
Mbok Karta wicanten dhateng ingkang Jaler: "niku serat saking pundi pakne ? Jajal diwaos sing seru !"
Serat lajeng kawaos dening Pak Karta, ungelipun mekaten : Ingkang pangabekti kekalih.
Ngaturi uninga nalika dinten senin tanggal ping 26 wulan punika kirang langkung jam sekawan sonten kang putra Mas Ajeng anggenipun wawrat sampun ambabar, jabangbayi lair estri wilujeng sedayanipun sarta keng wayah bayi kula sukani nama: Suharti. Wusana wewahing pangestunipun bapak sekaliyan ingkang kula suwun/ /13/

Ingkang Putra: Kartaatmaja

Wicantenipun Mbok Karta sewu bingah:
"Walah duwe putu kok ora ana ngalamate apa-apa".
Sudiyah pitaken:
"Punika serat saking sinten mbok ?"
"King mantu kula sing dadi kasir gadhe onten Wonogiri".
"Enggone paring aran kuwi sajake kok kaya nunggal karep karo si thole mung kacek: di karo ti".
"Lha putrane niku namine sinten nak ?"
"Suhardi mbok, lha putranipun embok sadaya wonten pinten ?"
"Nggih mung satunggal brayate kasir gadhe niku".

Kacariyos sareng watawis radi siang Sudiyah pamitan dhateng Pak Karta jaler estri badhe nglajengaken sedyanipun nanging Pak Karta Mamad jaler estri sanget anggenipun anggondheli supados Sudiyah sampun ngantos anglajengaken lampahipun ing dinten punika, perlunipun badhe dipuncariyosi bab kawontenanipun Suharji.

Samudananipun Pak Karta manawi Sudiyah purun sipeng sedalu malih Pak Karta sagah ngeteraken ngantos dumugi Baturaden, wusana Sudiyah lajeng miturut kemawon punupa iangkang/ dados pikajengipun Pak Karata Mamad jaler estri. /14/

Wah malih piyambakipun mila taksih kraos sayah dados panyandhetipun pak Karta jaler estri wau tumrapipun Sudiyah nama kaleresan.

Kacariyos mandhoripun Tuwan Plembos ing Baturaden ingkang nama Suharji punika manggen wonten ing dhusun Ketawis kumpul kaliyan marasepuhipun. Sami-sami mandhor piyambakipun kalebet satunggaling mandhor ingkang kinasih awit saget angladosi Tuwan sanyonyhipun, mila sanajan Suharji anggenipun nyambut damel wonten ing ngriku saweg setahun sampun tampi indhakan balanja kaping kalih. Sapunika blanjanipun sampun kalih dasa rupiah, mila saupami Suharji ngatos-atos makàten saged dados tiyang kacekapan, awit tedhanipun taksih dipunsanggi dening marasepuhipun. Mangka kajawi blanja piyambakipun ugi taksih gadhah kauntungan sanesipun ingkang cekap kangge tumbas rokok ing sawulan-wulanipun, dados pancenipun saget anyelengi blanjanipun kangge pawitan manawi bawa piyambak. Nanging Suharji mboten makaten. Sasampunipun gadhah pamedal sarta dados mantunipun tiyang ingkang radi kacekapan manahipun lajeng kumlungkung/ remen ambucal /15/ arta ingkang mboten perlu, malah gliyak-gliyak sampun purun main kertu, awit ing dhusun Ketawis mila panggenanipun botoh, dhateng semanipun ingkang tinilar saweg wawrat sarta nandhang sangsara wonten ing dhusun Karang Gudhe Suharji sampun mboten manah babar pisan malah sampun gadhah niyat badhe dipun kintuni serat pegat pisan. Makaten kawontenanipun tiyang ingkang boten raos kamanungsan, tiyang estri namung pun anggep barang kemawon, nanging Gusti Allah boten badhe kekilapan.

Kacariyos dalunipun malih Karta Mamad jaler estri kapeksa nyariosaken bab kawontenanipun Suharji dhateng Sudiyah, suraosipun leees Suharji wonten Baturaden dados mandhoripun Tuwan Plembos, nanging sapunika sampun semah malih. Karta Mamad namung amborongaken dhateng Sudiyah, punapa lampahipun dhateng Baturaden punika badhe kalajengaken utawi boten. Sudiyah sareng mireng cariyosipun Pak Karta Mamad jaler estri, sakal lajeng adheleg-dheleg boten saged wicanten, namung eluhipun ingkang carocosan mracihnani bilih sanget panalangsanipun manahipun Sudiyah lajeng kuwur, badanipun lemes kados dipunlolosi, ciptanipun: "E samono kabecikane

Suharji, ora rumangsa temen nalika dheweke meksa-meksa arep ngepek bojo aku/ baka ora ngelingi dhek nalika sangsara /16/ padha dilakoni wong loro. Apa orangkelingan dhek nalika ana ing Karang Gudhe anggonku ngingoni dheweke nganti dak lakoni orang ngetung sayah lan kangelan nganti bangkekanku nganti kaya tugel-tugela marga dak anggo beburuh rina wengi, saiki bakal kepriye kedadeyane awakku lan anakku dene ana lelakon kaya mangkene upama Suharji dak susula ya wis tanpa gawe sebab nyatane dheweke wis ora teresna marang aku tandhane wis anggandheng wong liya, upama aku bali menyang Karang Gudhe aku wis ora duwe wong tuwa, yen mangkono luwih becik aku . . . , ning yen aku . . ., kepriye kedadeyane Suhardi ?"

Sanalika punika Sudiyah lajeng mlebet dhateng senthong patilemanipun kaliyan nangis angguguk dene pun Suhardi ingkang sewau sampun tilem kepatos sarehning kaget dening panangising embokipun lajeng tangi sarta nangis akekitrang. Pak Karta Mamad jaler estri sami kamitenggengen dene manggih lelampahan ingkang makaten, nanging bawaning tiyang sepuh ingkang radi kadunungan kawruh lajeng mupus biilih sadaya lelampahan punika wonten sambetipun sarta sadaya karsanipun Gusti Allah/ punika murih saening manungsa. Karta /17/ Mamad jaler estri lajeng anyelaki Sudiyah sarta ngarih-arih wusana manahipun Sudiyah saged lipur.

Enggaling cariyos kanthi pitulunganipun Pak Karta Mamad Sudiyah saged kengkenan tiyang anyukakaken serat dhateng Suharji, suraos piyambakipun nedha dipun rentahi talak, Sudiyah lestantun tumut Pak Karta Mamad, pangrengkuhipun Pak Karta jaler estri sampun kados dene anakpun piyambak, dasar anakipun Pak Karta Mamad namung satunggal tur wonten manca. Makaten ugi panganggepipun Sudiyah dhateng Pak Karta Mamad jaler estri ugi kados dhateng bapa biyungipun piyambak. Wonten ing ngriku Sudiyah wekel ing damel, manawi siyang ocal-ocal wonten ing pawon, selaning pedamelan ambathik terkadhang yen dalu nglembur.

2) Dados Sekar Lathi

Menggah wujudipun Sudiyah punika boten ayu nanging manis tur merak ati, polatanipun radi mriyantuni. Sanajan Sudiyah randha sampun gadhah anak satunggal ingkang dereng sumerep nginten bilih taksih prawan awit umuripun saweg wolulas tahun, kathah jejaka ing Karang Madya ingkang sami kasmaran dhateng Sudiyah, malah saweneh wonten ingkang badhe sembrana mawi pangebang-ebang raja brana, nanging Sudiyah tansah puguh awit ngengeti lelampahan ingkang makaten punika satunggaling lelampahan ingkang nistha mila tekadipun Sudiyah aluwung nglampahi beberah utawi papriman tinimbang nindhakaken lampah ingkang makaten.

Anuju satunggaling dinten wonten tiyang jaler nganggé rasukan akalung slempang pasmen nangge dhuwung sarta tudhung pacul gowang ingkang cinirenan aksara B lumebet ing Asistenan, nalika punika Asisten dereng katingal lenggah dhateng ing pandhapa namung woonten upas satunggal ingkang saweg kaleres/ jagi, tiyang wau pitaken : /19/

"Mas upas, ndar Seten napa enten ?"

"Wonten nanging dereng miyos, wonten perlu napa tak Pak Lurah ?"

"Enggih namung ajeng ngadhep mawon".

Saweg semanten anggenipun cariyos lajeng kepireng wonten swara srek-srek.

"Lah punika bendara seten saweg miyos".

Saestu Asisten medal saking griya sarta lajeng terus andangu dhateng Lurah:

"Lho kang Lurah, wis suwe ?"

"Dereng ndara, saweg kemawon dhateng".

"Ana gawe apa kang Lurah ?"

"O, anú bendara, sowan kula ing ngarsa panjenengan saperlu nyusun katerangan prakawis gentosipun carik ing dhusun kawula ingkang tilar donya sebab sampun lami anggenipun lowong".

"O, wis ana sing ditetepake dadi gantine yaiku si Wakidin magangku dhewe, dina iki lagi menyang kawedanan nampani

beslite, dadi sesuk kasep-kasepe suk emben mesthi teka kono".
"Inggih bendara".
"Kebeneran banget kowe kang Lurah oleh carik si Wakidin awit dheweke bocah apik tememen, kapinterane sedhengan/ tur /20/ atine tumuwa".
"Boten langkung kula namung matur sewu nuwun bendera".
"Mung bae rada cuwa sathithik, kira-kira orang lawas enggone nyariki kowe".
"Lho sebabipun kados pundi bendara ?"
"Sababe dheweke karo aku wi limang sasi kang kapungkur iki ngaturi layang panyuwunan menyang kantor Residen nyuwun dadi juru tulis tulungan".
"Yen mekaten punapa boten prayogi ing dhusun kawula dipun pringi carik magang sanesipun kemawon".
"Karepku ya mangkono nanging karsane bendara Wedana anggone si Wakidin sing ditetepake iku mangkene: sepisan miturut regester magang dheweke kepetung magang sing tuwa dhewe, kapindhone carikmu kang mati kae pagaweyane orang karuwan, dadi karsane bendaera Wedana saiki perlu banget ing desamu Karang Madya kono oleh carik sing pinter supaya pagaweyan bisaa rampung kalawan becik, sarehne magang kang wis ngreti marang pagaweyan iku mung si Wakidin, mulane dheweke sing ditetepake. Kaping telune ya ngiras tulung si Wakidin supaya sadurunge oleh angkatan dadi juru tulis tulungan bisaa duwe pametu sawetara".
"Yen makaten kawula namung ndherek kemawon jalaran/ /21/ kawula sakanca alit namung sumerep saenipun, sesampunipun kula nyuwun pamit".
"Lho kok enggal-enggalan kang Lurah"
"Inggih awit badhe ngurus padamelan radinan"
"Iya aku dhewe dina iki uga turne".

Let tigang dinten Wakidin sampun dhateng ing dhusun Karang Madya sarehning piyambakipun tiyang enggal wah malih tasih jaka dados kapeksa mondhok. Dene ingkang dipun pondhoki Pak Karta Mamad. Wakidin dipun peksa-peksa dening

lurahipun supados manggen ing Kalurahan nanging boten purun awit Wakidin sumerep yen lurahipun punika remen main kertu mangka Wakidin sampun nate maos piwulang ingkang ungelipun makaten: Aja sok kekumpulan karo wong kang dhemen ngabotohan mundhak ketularan apese ya bakal melu mangan menanganing kabetahan, piwulang punika tansah dipun enget-enget ing salaminipun. Wiwit Wakidin dhateng griyanipun Karta Mamad saben sonten kathah tiyang ingkang dhateng perlu tepangan kaliyan carikipun. Wakidin kalebet saged momong tiyang kathah, andhap asor lan sae tetepanganipun mila lajeng dipun aji-aji dening tiyang ing/ dhusun ngriku. Keras /22/ ujaring piwulang: kajening tiyang punika boten namung saking pangkat utawi saking kaluhuran kemawon, saking kautaman ing budi inggih angsal pangaji-aji. Para pangageng ingkang ambawahaken sami angalembana dhateng Wakidin awit sage momong tiyang alit, setya tuhu ing damel kawewahan saged ngawula.

Sampun kacariyos ing ngajeng bilih Sudiyah wonten ing dhusun Karang Madya dados sekar lathi, kathah ingkang kasmaran boten ngemungaken para nem-neman kemawon ingkang gonjing manahipun dalasan lurahing dhusun ngriku ugi tumut kegiwang katarik manahipun dhateng ingkant saweg dados sekar lathi wau.

Saking kaderening manah badhe anjurungi hawa nafsu sampun asring kemawon piyambakipun nandukaken lampah ingkang kirang prayogi dhateng pun Sudiyah, nanging Sudiyah babar pisan boten kegiwang, bebasan teguh cekelan waton tekade manahipun aluwung pejah tinimbang wonten ing alam donya ingkang namungsacleretan anglampahi lampah awisan, makaten tekading wanita ingkang utami.

Ananging Ki Lurah ingkang rumaos kacuwan manahipun tansah angulir budi kados pundi sagedipun kadunungan sedyanipun, karampunganipun makaten: "Lah saiki gampang, becike aku dak kongkonan mbok Guna bae sing pinter omong supaya ngrembugi Sudiyah arep dak selir mesthi geleme". /23/

Anuju satunggaling dinten griyanipun Karta Mamad ketingal sepen mung wonten satunggiling tiyang estri nem-neman saweg ambathik . sinambi gujengan kaliyan anakipun ingkang saweg brangkangan wonten sandhingipun, boten dangu wonten tiyang estri ingkang sampun sepuh dhateng:
"Kula nuwun"
"Mangga".
"Mbok Karta Mamad napa onten Jeng ?"
"Boten"
"Saweg teng pundi ?"
"Manawi embok Karta Mamad saweg teng sabin, kilap Pak Karta".
"Heh, ya kebeneran ora ana wong"
"Sudiyah mireng tetembungan makaten punika ing batos apitaken: "geneya wong iki kok kandha kebeneran ?" Wusana tamunipun lajeng dipun acarani linggih sasampunipun linggih ajeng-ajengan wonten ing amben lajeng kepireng pating gruneng sami rembagan sakedhap-sakedhap tamunipun anggujeng, sareng sampun sawatawis dangu anggenipun rembagan tamu wau lajeng pamitan, nalika badhe medal saking griya tiyang estri nemneman ingkang mentas kaajak rembagan punika wicanten makaten:
"Cekake mbok/ sampeyan aturaken kemawon teng /24/ Pak Lurah yen kula boten saget nglampahi punapa ingkang dados karsanipun Pak Lurah".

Kacariyos sareng mbok Guna ngandharaken angsal-angsalipun anggene dados duta dhateng ki Lurah, ki Lurah lajeng sajak muring-muring rumaos sanget kacuwan dene boten saget kadunungan sedyanipun wusana lajeng gadhah niyat Sudiyah badhe katundhung saking dhusun ngriku.

3) Emah-emah.

Kacariyos Wakidin sareng sampun katetepaken dados carik ing dhusun Karang Madya lajeng angrumangsani bilih piyambakipun ingin ugi dados sesepuhing dhusun, wajibing sepuh mekaten kedah saget momong dhateng karerehanipun, Wakidin tan-

sah ambudidaya murih tiyang-tiyang ing dhusunipun sami manggih karaharjan mila yen kaleres parepatan dhsun Wakidin asring damel sesorah ingkang suraosipun kangge mewahi seserepanipun tiyang-tiyang ing dhusun ngriku, kados ta bab awonipun tiyang main kertu, bab perlunipun lare-lare kedah kasekolahaken, kawruh tetanen, panjaganing kasarasan lan sanes-sanesipun. Punapa Wakidin wedalan pamulangan nggil, teka kathah seserepanipun ? Dene piyambakipun namungwedalan sekolah angka kalih kemawon, dene sagedipun katah seserepanipun punika jalaran saking remen sanget maos serat-serat, mila saben piyambakipun kaleres repotan ing Asisten mesthi mampir dhateng pamulangan angka kalih prelu nyambut serat-serat taman pustaka, makaten salaminipun ngantos kasenengan Wakidin boten remen/ babar pisan dhateng kasenengan main kertu awit /26/ sampun katah tepa tuladhanipun bilih kasenengan main kretu asring adamel karisakan sarta karisakan wau boten namung lumrah dhateng badanipun piyambak kemawon, nanging ugi dhateng anak semah trekadhang dhateng tiyang sanes ugi.

Wangsul kasenengan maos serat-sera saget adamel indhaking seserepan, dayaning seserepan saged adamel padhanging manah, padhanging manah mahanani kawilujengan lan ugi maedahi dhateng tiyang sanes.

Nalika Wakidin damel sesorah wonten ing parepatan dhusun nerangaken bab awoning tiyang remen main, Lurah ing dhusun ngriku katingal boten condhong sanget, wiwit nalika semanten dhateng Wakidin lajeng katingal ewa dhasar manahipun awon lajeng sok pados-pados kalepatanipun Wakidin nanging Wakidin babar pisan boten mreduli tekading manahipun waton piyambakipun nindakaken leres · suprandene Wakidin asring rumaos cuwa deni nyambut damel sesarengan kaliyan Lurah ingkang mekaten lelampahanipun.

Nuju satunggaling dalu, kinten-kinten wanci sirep tiyang, Wakidin taksih katingal nyambut damel andhingkluk wonten ing meja panyeratanipun, Karta Mamad nyeret kursi lajeng linggih/ nyelaki Wakidin, katawis ing semu bilih piyam- /27/

bakipun badhe nglariaken satunggaling prakawis ingkang wigatos mila sanalika punika Wakidin lajeng kapeksa kendel anggenipun nyambut damel. Karta Mamad wicanten:

"Lho kok lajeng kendel punapa sampun rampung anggen sampeyan nyambut damel mas Carik ?"

"Rampungipun dereng, nanging raosipun sampun sayah mila prayoginipun mangga sami omong-omongan kemawon kangge jampi sayah".

"Yen makaten kaleresan mas Carik kula pancen perlu sanget badhe rembagan kaliyan mas CArik".

"Lho wonten rembag punapa ta Pak Karta sajake kok wigati banget ?"

"Makaten mas Carik, tetiyang ing dhusun ngriki boten setunggal kalih kemawon nanging kathah ingkang sami reraosan anglairaken mareming manahipun pikantuk sesepuh mas Carik punika".

"Yak, punapa enggih Pak Karta ?"

"Lah, punapa perlunipun kula matur dora dhateng mas Carik nanging tetiyang ing ngriki tasih cuwa dene mas Carik tasih legan dados dereng tetep nama tiyang sepuh seaestu. Mila atur kula, punapa boten prayogi mas Carik tumunten/ /28/ pados ?"

"He, dadi kersane Pak Karta ki aku arep dimantokake, punapa sampun angsal dhedhekan Pak ?"

"O, dhedhekan kathah mas Cari, kantun milih kewawon".

"O, anu Pak prakawis punika kula piyambak ing batos sampun manah, nanging sarehning ngupados jodho punika gampil angel mila boten kenging kesesa, piwulangipun guru kula nalika kula sekolah mekaten:

Dhandanggula:

Utamaning priya kang rumiyin
lamun arsa angupaya garwa
den patitis pamilihe
haywa kasesem kayun
bok manawa kaduwung wuri
ya bener yen wong lanang

wenang duwekipun
rabia ping pat sadina
kena uga manut karepe pribadi
nanging haywa mangkana

Wulang punika cundhuk kaliyan piwulang ing serat Darmawasita ingkang ungelipun makaten:

Nalika punika Karta Mamad ngajenangken kursinipun anyelaki linggihipun Wakidin, wicantenipun: "Anu mas Carik punapa mas Carik sampun tepang kaliyan Soma Karya ?"
"Sampun, malah kula sampun dhateng griyanipun kaping kalih prelu nocokaken pethukipun paos, semunipun sugih Soma Karya punika inggih ?"
"Wah, peng-pengan nggih, sesasinipun limang ewu, upama satuse payune nelung rupiah be, sewu: telung puluh rupiah, limang ewu: telung puluh rupiah ping lima dadi satus seket rupiah ing sesai, wis sasat Asisten Wedana"
Karta Mamad anglajengaken wicantenipun lajeng sinambi anyebul-nyebulaken keluking rokokipun:
"Piyambakipun sampun kaping kalih reraosan dhateng kula kepengin saget anyuwitakaken anakipun estri ingkang nama Ritiyah dhateng mas Carik, yen mas Carik kersa, Soma Karya sagah nubasaken griya sapakawisanipun lan dhokar sakapalipun" /30/
"O, makaten pak, sokur ana wong sugih arep ngepek mantu".
"Lah bab punika mas Carik kula namung nyumanggakaken ing sampeyan, kula punika namung sadremi andumugekaken reraosanipun Soma Karya".
"O, inggih kasuwun pak nanging kula lajeng kengetan piwulangipun bendara seten pensiun makaten: bandha iku ana telung rupa, nistha, madya, utama. Nistha-nisthaning bandha yaiku bandha saka wong tuwa, dene utamane bandha yaiku kang metu saka kringete dhewe. Dados yen tiyang mendhet semah sarana milih dhateng bandha punika lajeng kalebet dhateng wewilanganipun nistha".
"Mila kula wau matur bab punika kula namung nyumanggakaken dhateng mas Carik".

Sadangunipun Karta Mamad lan Wakidin sami rembagan Sudiyah tansah mirengaken saking patileman, ing batos Sudiyah ngalembana dhateng rembagipun Wakidin prakawis pamilihing bojo. Wicanteniun Wakidin:
"Cakakipun Pak Karta, sampeyan criyosaken kemawon dhateng Soma Karya yen kula dereng kajeng emah-emah, rumaos dereng saget ngayahi tiyang estri"./ /31/

Sajatosipun Wakidin sampun dangu anggadhahi katresnan badhe mendhet semah Sudiyah, awit wiwit piyambakipun sumerep sepisan rumaos ketarik manahipun sarta sampun dipun jinggleng saestu bilih Sudiyah terang sanget satunggiling lare estri ingkang sae bebudene, leres Sudiyah sampun randha malih sampun gadhah anak, tekadipun Wakidin inggih ngiras tetulung dhateng tiyang ingkang kaanggep sangsara, nanging Wakidin dereng purun nglairaken krenteging manahipun dhateng Karta Mamad awit kaanggep dereng sae wektune. Nalika punika kenthongan ing cakrukan kapireng mungel kaping kalih Welas, wicantenipun Karta Mamad:
"Lho, kok wis wengi, sumangga sami sare mas Carik ?"
"Mangga kula andhrek kemawon, badhe kalajengaken omong-omong inggih sumangga".
"Kesuwun mas Carik, awit benjing enjing kula badhe nenggani tiyang andandosi kreteg".
"Inggih mangga, sanes dinten kemawon kula badhe matur prakawis perlu".

Nuju satunggaling dinten kaleres wulan Besar, Wakidin /32/ mlebet ing masjid Onderen ing Kebumen kairingaken ing tiyang sawatawis sadaya sami ngangge rasukan cemeng sarta duwung, boten dangu si Wakidin sapangiringipun sami wangsul sadaya sami terus wangsul dhateng griyanipun Karta Mamad.

Kacariyos ing griyanipun Karta Mamad ing wedal punika ketingal gumreneng kathah tiyang, amratandhani bilih ing ngriku wonten damel, nalika dhatengioun Wakidin sapangiring empering griyanipun Karta Mamad sampun dipungelari gelaran, ngantos joganipun ketutupan sadaya.

Karta Mamad ngacarani tamu-tamunipun supados lungguh ing papan ingkang sampun kasediyakaken wau. Para tamu lajeng sami tata linggih turut pinggir atepung gelang, boten dangu pasugatan medal awujud toya teh lan nyamikan warni-warni. Sadangunipun para tamu sami ngombe wedang kapireng sakedhap-sakedhap sami gumujeng ger-geran amratandhani bilih sadaya sami among suka, boten dangu ambengan medal.

Sasampunipun rampung panatanipun Karta Mamad lajeng andhodhok sangajening kori kaliyan wicanten makaten: "Kula nuwun para sadherek, dhaharan punika minangka wilujengan walimahan, sarehning kula mentas angijapaken anak kula estri Sudiyah pikantuk mas Wakidin, boten sanes pangestunipun para sadherek sadaya ingkang kula suwun. Mugi-mugi Gusti ingkang sipat rohman lan rohim/ anglanggengaken /33/ anggenipun jejodhoan mas Wakidin kaliyan Sudiyah ngantos kaken lan ninen-ninen lan manggiha raharja ing salami-laminipun wusana meling panuwun dhateng ingkang Maha Suci Kula sumanggakaken dhateng Kyai Kaum. Kyai Kaum ingkan sampun linggih ing ngriku lajeng maos donga, dene sanes-senesipun sami ngamini.

Sesampunipun rampung anggenipun maos donga lajjeng wiwit tapak nedha, bakda nedha para tamu sami pamitan. Wakidin anglairaken panarimahipun, tembungipun:
"Kula matur nuwun dhateng para sadherek ingkang sampun sami kersa nguntapaken lampah kula dhateng masjid, boten sanes pangestunipun para sadherek ingkang kula suwun, mugi-mugi anggen kula emah-emah saged wilujeng salami-laminipun, boten langkung kula andherekaken sugeng dhateng konduripun para sadherek sadaya".
Ingkang sami pamitan mangsuli asaur peksi: "Inggih-inggih mas Mantri kasuwun-kasuwun".
Para tamu lajeng sami medal Wakidin anguntapaken ngantos dumugi ing margi, sawangsulipuning griya lajeng pepanggihan kaliyan semahipun.

Kacariyos Wakidin lan Sudiyah anggenipun jejodhoan tan-

sah atut runtut. Nalika semanten Suhardi sampun umur tigang tahun. Pangrengkuhipun Wakidin dhateng Suhardi sampun boten% mantra-mantra anak kuwatir, mila Wakidin tansah dados pangalembananing tiyang kathah.

Kocapa Lurah Karang Madya, sareng Sudiyah sampun dipun pendhet semah dening Wakdin, wiwit nalika semanten awonipun saya ketawi. Rumiyin manawi Wakidin dhateng Kalurahan dipun linggihaken ing kursi, nanging sasampunipun Wakidin semah kaliyan Sudiyah, manawi kaleres dhateng Kalurahan mesthi kapurih ngadhep wonten ing jobin, mila Wakidin rumaos nalangsa, dene manggih lelampahan ingkang makaten.

Nuju satunggaling dalu wanci sirep tiyang Lurah dhusun Karang Madya kesah saking griyanipun, lampahipun sajak kesesa kados wonten prelunipun. Ingkang wigatos sareng dumugi ing margi sangajening griyanipun Soma Karya, ing ngriku sampun wonten tiyang satunggal saweg andhodhok sapinggiring margi, sareng tiyang wau sumerep regemenging tiyang lajeng pitaken:
"Sinten ?"
"Aku"
"Napa Kyai Lurah ?"
"Iya"
"Lho kok kasep sanget, kula wonten ngriki sampun radi dangu" /35/
"Iya wong banjur ketungka ana dhayoh".
Tiyang kekalih wau terus lumebet ing griyanipun Soma Karya. Nalika punika Soma Karya katingal saweg linggih ipyambakan woten ing ngajengan sanalika tamunipun kekalih pisan kaajak lumebet. Salebeting griya anak, semah sarta rencang-rencangipun sampun sami tilem sadaya. Sesampunipun tiyang tiga wau sami mapan linggih lajeng katingal pating clumik sami rerembugan, sakedhap-sakedhap tiyang tiga wau sami pandeng-pinandeng, dangu-dangu tiyang ingkang pinanggih kaliyan Lurah wonten ing margi wau ngedalaken bungkusan alit saking kanthonganipun rasukanipun ingkang nglebet sarta lajeng kaulungaken dhateng Soma Karya. Sasampunipun bungkusan wau di-

pun tampeni dening Soma Kara ugi lajeng kalebetaken ing kanthonganing rasukanipun. Boten dangu tiyang ingkang kalih wau kesah, dene Soma Karya lumebet ing patilemanipun.

Kacarioyos nuju satunggaling dinten kirang langkung wanci jam skawan sonten Wakidin saweg linggihan wonten ing ngajengan kaliyan semahipun, nalika punika Karta Mamad jaler estri kaleres boten wonten, boten dangu wonten lare estri dhateng ambekta baki ingkang tinutupan/ srebet pethak mem- /36/
plak, Wakidin lajeng pitaken:
"Kowe sapa ?"
"Kula Runtah. dipun kengken mbok Soma Karya ngaturaken dhaharan suran".
"O, dadi mbok Soma Karya lagi suran ngono ?"
Sekul lajeng dipun tampeni dening embok Carik, terus kasantunan piringipun. Baki sapiringipun kasukakaken dhateng Runtah kaliyan wicanten makaten:
"Matura karo mbok Soma ya, aku diwenehi sega suran wis tak tanpa, sarta banget panarimaku".
"Inggih".
Sapengkeripun lare estri kengkenanipun Soma Karya, Sudiyah pitaken dhateng ingkang jaler, tembungipun:
"Iki apa arep didhahar mas ?"
"Iya jajal gawanen mrene, mentas turu awan mangan sega suran enak ayake ?"
Sekul suran lajeng kasukakaken dhateng Wakidin, sasampunipun dipun tampeni lajeng katedha. Estu Wakidin rumaos eca panedhanipun, sareng kantun sakedhik lajeng pitaken dhateng ingkang estri:
"Kowe apa kepengin dhi ?"
"Ora, kono ditutugake"/ /37/
Estu, sekul suran ingkang kantun sekedhik punika lajeng kabablasaken. Sareng watawis jam enem sonten Wakidin kraos metmetan sirahipun. Dangu-dangu badanipun andharodhog sarta benteripun sanget. Mila Wakidin lajeng mapan tileman. Mendhak dinten sakitipun Wakidin saya sangat andadoasaken susahing Sudiyah sarta Pak Karta Mamad jaler estri. Sampun

pinten-pinten dhususn ingkang dipun tedhani tulung dening Karta Mamad supados anjampeni, nanging sakitipun Wakidin babar pisan boten wonten mayaripun malah saya sanget.

Kacariyos Asisten ingkang ambawahaken Wakidin punika tilas bendaranipun, awit nalika Wakidin dados magang terus ngabdi wonten ing Asistenan. Nalika Asisten Wedana wau mireng yen Wakidin sakitipun sanget, lajeng enggal-enggal merlokaken tuwi. Sareng sumerep wujudipun Wakidin sakala lajeng gedheg-gedheg. Wonten ing ngriku Asisten Wedana wau boten ngantos dangu, nanging lajeng wangsul malih sesarengan kaliyan satunggaling walandi ingkang ambekta tas wacucal. Sareng lampahipun dumugi ing sangajenging griyanipun Wakodin landi wau pitaken :

"Punapa punika Den Bei, griyanipun ingkang sakit ?"
"Inggih Tuan Dikter, sumanggga kula aturi mlebet kemawon". / 38 /.

Dokter lan Asisten Wdona lajeng terus blebet dhateng senthongipun Wakidin. Dokter terus tumandang mriksa sakitipun Wakidin sarana pirantos. Sasampunipun rampung pamriksanipun Wakidin lajeng dipunsukani jampi, Wicantenipun :
"Tamba iki ombenen saben sajam sasendhok mangan".

Dokter lan Asisten Wedana lajeng sami wangsul. Nalika lampahipun dumugi ing margi, Dikter Wicanten makaten :
"Begja sanget sampeyan enggal-enggal ngundang kula, upami boten, sawatawis dinten malih Carik wau saget cilaka".
"Inggih Tuan Dokter, lah menggah sakitipun sakit punapa ?"
"Anu Den Bei, samunipun kados kalebetan racun".

Wiwit Wakidin nedha jampi saking Dokter, sakitipun lajeng wiwit suda. Enggaling cariyos sareng andungkap tigang wulan, sakitipun Wakidin sampung saras babar pisan sarta kakiyatanipun sampun wangsul malih kados waunipun.

4) Rumampating Kabegjan/.

Nuju satunggaling dinten Asisten Wedana Kebumen kaleres lenggah wonten ing pendhapa, kaadhep ing upasipun, wusana

Karta Mamad ngacarani tamu-tamunipun supados lungguh ing papan ingkang sampun kasediyakaken wau. Para tamu lajeng sami tata linggih turut pinggir atepung gelang, boten dangu pasugatan medal awujud toya teh lan nyamikan warni-warni. Sadangunipun para tamu sami ngombe wedang kapireng sakedhap-sakedhap sami gumujeng ger-geran amratandhani bilih sadaya sami among suka, boten dangu ambengan medal.

Sasampunipun rampung panatanipun Karta Mamad lajeng andhodhok sangajening kori kaliyan wicanten makaten: "Kula nuwun para sadherek, dhaharan punika minangka wilujengan walimahan, sarehning kula mentas angijapaken anak kula estri Sudiyah pikantuk mas Wakidin, boten sanes pangestunipun para sadherek sadaya ingkang kula suwun. Mugi-mugi Gusti ingkang sipat rohman lan rohim/ anglanggengaken /33/ anggenipun jejodhoan mas Wakidin kaliyan Sudiyah ngantos kaken lan ninen-ninen lan manggiha raharja ing salami-laminipun wusana meling panuwun dhateng ingkang Maha Suci Kula sumanggakaken dhateng Kyai Kaum. Kyai Kaum ingkan sampun linggih ing ngriku lajeng maos donga, dene sanes-senesipun sami ngamini.

Sesampunipun rampung anggenipun maos donga lajjeng wiwit tapak nedha, bakda nedha para tamu sami pamitan. Wakidin anglairaken panarimahipun, tembungipun:
"Kula matur nuwun dhateng para sadherek ingkang sampun sami kersa nguntapaken lampah kula dhateng masjid, boten sanes pangestunipun para sadherek ingkang kula suwun, mugi-mugi anggen kula emah-emah saged wilujeng salami-laminipun, boten langkung kula andherekaken sugeng dhateng konduripun para sadherek sadaya".
Ingkang sami pamitan mangsuli asaur peksi: "Inggih-inggih mas Mantri kasuwun-kasuwun".
Para tamu lajeng sami medal Wakidin anguntapaken ngantos dumugi ing margi, sawangsulipuning griya lajeng pepanggihan kaliyan semahipun.

Kacariyos Wakidin lan Sudiyah anggenipun jejodhoan tan-

sah atut runtut. Nalika semanten Suhardi sampun umur tigang tahun. Pangrengkuhipun Wakidin dhateng Suhardi sampun boten% mantra-mantra anak kuwatir, mila Wakidin tansah dados pangalembananing tiyang kathah.

Kocapa Lurah Karang Madya, sareng Sudiyah sampun dipun pendhet semah dening Wakdin, wiwit nalika semanten awonipun saya ketawi. Rumiyin manawi Wakidin dhateng Kalurahan dipun linggihaken ing kursi, nanging sasampunipun Wakidin semah kaliyan Sudiyah, manawi kaleres dhateng Kalurahan mesthi kapurih ngadhep wonten ing jobin, mila Wakidin rumaos nalangsa, dene manggih lelampahan ingkang makaten.

Nuju satunggaling dalu wanci sirep tiyang Lurah dhusun Karang Madya kesah saking griyanipun, lampahipun sajak kesesa kados wonten prelunipun. Ingkang wigatos sareng dumugi ing margi sangajening griyanipun Soma Karya, ing ngriku sampun wonten tiyang satunggal saweg andhodhok sapinggiring margi, sareng tiyang wau sumerep regemenging tiyang lajeng pitaken:
"Sinten ?"
"Aku"
"Napa Kyai Lurah ?"
"Iya"
"Lho kok kasep sanget, kula wonten ngriki sampun radi dangu" /35/
"Iya wong banjur ketungka ana dhayoh".
Tiyang kekalih wau terus lumebet ing griyanipun Soma Karya. Nalika punika Soma Karya katingal saweg linggih ipyambakan woten ing ngajengan sanalika tamunipun kekalih pisan kaajak lumebet. Salebeting griya anak, semah sarta rencang-rencangipun sampun sami tilem sadaya. Sesampunipun tiyang tiga wau sami mapan linggih lajeng katingal pating clumik sami rembugan, sakedhap-sakedhap tiyang tiga wau sami pandeng-pinandeng, dangu-dangu tiyang ingkang pinanggih kaliyan Lurah wonten ing margi wau ngedalaken bungkusan alit saking kanthonganipun rasukanipun ingkang nglebet sarta lajeng kaulungaken dhateng Soma Karya. Sasampunipun bungkusan wau di-

pun tampeni dening Soma Kara ugi lajeng kalebetaken ing kanthonganing rasukanipun. Boten dangu tiyang ingkang kalih wau kesah, dene Soma Karya lumebet ing patilemanipun.

Kacarioyos nuju satunggaling dinten kirang langkung wanci jam skawan sonten Wakidin saweg linggihan wonten ing ngajengan kaliyan semahipun, nalika punika Karta Mamad jaler estri kaleres boten wonten, boten dangu wonten lare estri dhateng ambekta baki ingkang tinutupan/ srebet pethak mem- /36/
plak, Wakidin lajeng pitaken:
"Kowe sapa ?"
"Kula Runtah. dipun kengken mbok Soma Karya ngaturaken dhaharan suran".
"O, dadi mbok Soma Karya lagi suran ngono ?"
Sekul lajeng dipun tampeni dening embok Carik, terus kasantunan piringipun. Baki sapiringipun kasukakaken dhateng Runtah kaliyan wicanten makaten:
"Matura karo mbok Soma ya, aku diwenehi sega suran wis tak tanpa, sarta banget panarimaku".
"Inggih".
Sapengkeripun lare estri kengkenanipun Soma Karya, Sudiyah pitaken dhateng ingkang jaler, tembungipun:
"Iki apa arep didhahar mas ?"
"Iya jajal gawanen mrene, mentas turu awan mangan sega suran enak ayake ?"
Sekul suran lajeng kasukakaken dhateng Wakidin, sasampunipun dipun tampeni lajeng katedha. Estu Wakidin rumaos eca panedhanipun, sareng kantun sakedhik lajeng pitaken dhateng ingkang estri:
"Kowe apa kepengin dhi ?"
"Ora, kono ditutugake"/ /37/
Estu, sekul suran ingkang kantun sekedhik punika lajeng kabablasaken. Sareng watawis jam enem sonten Wakidin kraos metmetan sirahipun. Dangu-dangu badanipun andharodhog sarta benteripun sanget. Mila Wakidin lajeng mapan tileman. Mendhak dinten sakitipun Wakidin saya sangat andadoasaken susahing Sudiyah sarta Pak Karta Mamad jaler estri. Sampun

pinten-pinten dhususn ingkang dipun tedhani tulung dening Karta Mamad supados anjampeni, nanging sakitipun Wakidin babar pisan boten wonten mayaripun malah saya sanget.

Kacariyos Asisten ingkang ambawahaken Wakidin punika tilas bendaranipun, awit nalika Wakidin dados magang terus ngabdi wonten ing Asistenan. Nalika Asisten Wedana wau mireng yen Wakidin sakitipun sanget, lajeng enggal-enggal merlokaken tuwi. Sareng sumerep wujudipun Wakidin sakala lajeng gedheg-gedheg. Wonten ing ngriku Asisten Wedana wau boten ngantos dangu, nanging lajeng wangsul malih sesarengan kaliyan satunggaling walandi ingkang ambekta tas wacucal. Sareng lampahipun dumugi ing sangajenging griyanipun Wakodin landi wau pitaken :

"Punapa punika Den Bei, griyanipun ingkang sakit ?"
"Inggih Tuan Dikter, sumanggga kula aturi mlebet kemawon". / 38 /.

Dokter lan Asisten Wdona lajeng terus blebet dhateng senthongipun Wakidin. Dokter terus tumandang mriksa sakitipun Wakidin sarana pirantos. Sasampunipun rampung pamriksanipun Wakidin lajeng dipunsukani jampi, Wicantenipun :
"Tamba iki ombenen saben sajam sasendhok mangan".

Dokter lan Asisten Wedana lajeng sami wangsul. Nalika lampahipun dumugi ing margi, Dikter Wicanten makaten :
"Begja sanget sampeyan enggal-enggal ngundang kula, upami boten, sawatawis dinten malih Carik wau saget cilaka".
"Inggih Tuan Dokter, lah menggah sakitipun sakit punapa ?"
"Anu Den Bei, samunipun kados kalebetan racun".

Wiwit Wakidin nedha jampi saking Dokter, sakitipun lajeng wiwit suda. Enggaling cariyos sareng andungkap tigang wulan, sakitipun Wakidin sampung saras babar pisan sarta kakiyatanipun sampun wangsul malih kados waunipun.

4) Rumampating Kabegjan/.

Nuju satunggaling dinten Asisten Wedana Kebumen kaleres lenggah wonten ing pendhapa, kaadhep ing upasipun, wusana

tilpun ingkang dunungipnn boten tebih kaliyan meja panyeratan mungel angganter: kring . . . . kring. . . . kring. . . . . Asisten Wedhana lajung enggal-enggal menyat saking pelenggahanipun anyelaki tilpun wau.
"Hallo, hallo sinten?"
"Kula Asisten Wedana ".
"Inggih".
"Sapunika dados Carik dhusun Karang Madya"
"Inggih, Inggih".

Sanalika punika Assisten Wedana lajeng damel serat, sasampunipun rampung lajeng kaparingaken dhateng upas./ /40/
"Upas, layang iki wenehna marang polisi kang kabener jaga supaya diterake marang Carik desa Karang Madya".
"Inggih".
Upas enggal-enggal dhateng kantor nyukakaken serat wau dhateng polisi dhusun ingkang keleres jagi serat. Enggaling cairyos serat sampun katampen dening Wakidin, ungelipun makaten :

Tumeka marang Wakidin Carik desa Karang Madya.
Dina sesuk selasa tanggal ping 20 sasi iki kowe katimbalan ing kantore Kangjeng Tuan Asisten Residen klayan anggawa dhuwit Rp. 1,50,– (karu tengah rupuah) jam wolu sesuk cawisangdhep.

Enjingipun Wakidin lajeng kesah dhateng Purwokerto, dhateng kantor Asisten Residen. Sadumuginipun ing kantor lajeng pinanggih upas, sarta prasaben yen badhe ngadhep Kangjeng Tuan. Sasampunipun kaaturaken dening upas, Wakidin lajeng/kadhawuhan lumebet ing kantor.
"Kowe Wakidin?"
"Nun inggih Kangjeng Tuan".
"Apa kowe biyen wis tau rekes nywun dadi juru tulis tulungan?"
"Inggih Kangjeng Tuan, manawi boten lepat ing salebetipun tahun 19 . . . . . ".
"Nah, iki ana layang saka Kangjeng Tuan Residen kang nerangake yen diangkat dadi juru tulis tulungan ana ing Kawedanan".
"Nun inggih Kangjeng Tuan".
"Nanging kowe kudu ambayar karo tengah rupiah kanggo nebus

beslitmu".
"Nun inggih Kangjeng Tuan, sapunika ugi abdi dalem sampun sadhiya".
"Lan wiwit tanggal sepisan sasi ngarep ini kowe kudu wis tumapak nyambut gawi ana ing kantor Kawedanan".
"Nun inggih Kangjeng Tuan".
"Ya, saiki kowe kena bali, dene dhuwit karo tengah rupiah iku wenehna klerek".
"Nun inggih Kangjeng Tuan, manawi sampun terang dhawuh/ dalem kawula nywun palilah dalem". / 42 /
Asisten Residen mantuk, serta wakidin lajeng mlebet ing kantoripun klerek ngaturaken yatra ingkang kalih tengah wau.

Sesampunipun rampung prelunipun, Wakidin lajeng wangsul dhateng dhusunipun. Watawis jam sakawan lampahipun wakidin sampun dumugi ing Kebumen lajeng dateng Asisten. Ingpendhapa Asisten Wektu semanten sepen, pramila Wakidin terus dhateng wingking. Nalika punika Asisten Widana taksih sare, namung Den Ayunipun saweg kaleres lenggah wonten ing wingking, sareng sumerep wakidin dhateng lajeng andangu:
"Iho kowe wakidin?"
"Inggih bendara".
"Apa padha slamet bae?"
"Pangestu penjenengan inggih, wilujeng"
"Apa saka ngomah bae?"
"Boten bendara, nembe saking Purwokerto"

Saweg semanten Den Ayu Asisten anggenipun andangu Wakidin kasaru medalipun ingkang raka, pandangunipun:
"Kho, kowe Wakidin?"
"Inggih bendera".
"Apa saka Purwokerto?"
"INggih"/
Asisten Wedana lajeng lenggahan nyejeri Den Ayunipun sarta anglajengaken anggenipun pitaken dhateng Wakidin:
"Kepriye dhawuhe Kangjeng Tuan, Din?"
"Kula dipuntetepaken dados juru serat tulungan wonten Kawedanan".

"O, nak ngono ya bener pangiraku, mestine tanggal sepisan sasi ngarep iki kowe rak kudu wis nyambut gawi ta?"
"Dhawuhipun Kangjeng Tuan Asisten Residen mila inggih makaten".
"Ya dingati-ati bae anggonmu nyambut gawi Din supaya bisa lestari pangawulamu marang nagara. Sing perlu banget panguripanmu jaganen aja nganti rusak, awit rusaking panguripan iku ngadat sok anjalari alaning pangaweyan".
"Inggih bendara, boten langkung namung pangestunipun panjenengan ingkng kula suwun".
"Kajaba iku Din. sok akeh bae wong nyambut gawe dupeh bayare mung sathithik, nyambut gawene banjur sigawi sembrana. Iku kleru banget, ora ngelingi yen anane iku saka cilik dhisik. Elinga yen akng dipengeti para panggedhe iku ora lyia mung kawulane kang setya bekti tuhu taberi ing gawe lan antepan, mulane/kowe dingati-ati"

Cekakipun kathah-kathah Asisten Wedana wau anggenipun paring piwulang dhateng bab lampah-lampahing tiyang nyambut damel anglampahi ayahaning praja. Sasampunipun rampung piwulangipun Asisten Wedana Wau, Wakidin lajeng nywun pamit wangsul dhateng dhusunipun. Sadumuginipun inggriya Wakidin angandharaken bab anggenipun mentas dhateng Kangjeng Tuan Asisten Residen dhateng ingkang estri, punapa dene dhateng Karta Mamad jaler estri. Enjingipun Wakidin wiwit tatatata, kados ta: ngepaki pirantos griya sawontenipun, nyadeni simpananipun, pantun lan sanes-sanesipun. Pramila sareng Wakidin tampi serat tetepan enjingipun saged bidhal saanak-istrinipun. Nalika bidhalipun Wakidin kathah tiyang-tiyang ing dhusun Karang Madya ingkang nguntapaken dumugi ing Purwokerto, kajawi punika kathah ugi tepanganipun ingkang sami nykani sangu awujud yatra, wos, kalapa, kajeng lan sanes-sanesipun.

Kacariyos ing Kantor Kawedanan Purwokerto wonten satunggaling andhahan ingkang taksih enggal-enggalan nanging menggah saening pedamelanipun boten kawon kaliyan andhahan sanesipun ingkang sampun lami anggenipun nyambut damel.

Watakipun kendel, nanging ngertosan tur kinanthenan taberi sadaya pedamelanipun boten wonten ingkang boten andadosaken cuwaning Lurahipun, dene andhahan wau anggenipun nyambut damel ing ngriku boten lami kirang langkung namung satengah taun, awit kapeksa dipunpindah dados juru serat tulungan wonten ing kentroliran. Nalika piyambakipun pamitan dhateng Lurahipun dipuncariyosi makaten :

"Dingati-ati bae kowe Wakidin ngaladeni Tuan Kontrolir, awit Tuwan Kontrolir iku sawijining Walanda kang judhas bangt naging panggalihe pancen becik, dadi yen kowe pancen bisa ngladeni bae ya ora apa-apa, mandar bida enggal munggah pangkatmu"

"Boten sanes namung pangestu panjenengan dalem ingkang kawula suwun".

"Ya, donga-dinonga bae".

Dilalah mila Wakidin saweg tinanggon begja tur kinanthenan setya tuhu taberi ing damelan, saged ngawula wekasan Tuwan Kontrolir sanyunyahipun luntur sihipun dhateng Wakidin. Sadya/padamelanipun Wakidin tansah dados condhonging / 46/ panggalihipun Tuwan Kontrolir. Nanging Tuwan Kontrolir rumaos cuwa, dene Wakidin boten saged basa walandi. Milasaking kemirahanipun Tuwan Kontrolir, Wakidin lajeng kapasrhaken dhateng satunggaling guru walndi mitranipun, supados kawulang basa walandi. Dene prakawis wragad Tuwan Kontrolir ingkang nanggel. Wiwit nalika semanten Wakidin saben dinten wiwit jam pitu dumugi setengah kalih lumebet ing kantor. Sonten jam gangsal dumugi setengah pitu sinau. Dhasaripun Wakidin lare majeng tur kinanthenan taberi salebeting tigang tahun kemawon sampun saged pikantuk diplomah. Boten lami Wakidin kaangkat dados juru serat Asisten Wedana wonten satunggiling Dwender Distrik bawah Abdheling Cilacap. Nalika sementen anakipun kuwalon Wakidin inggih punika Suhardi sampun kasekolahakun ownten ing pamulangan angka satunggal ing Purwokerto, sarta sampun wonten ing pangkat tiga. Kasegedanipun Suhardi kalebet anjo, mila saben taun mesthi munggah

pangkat. Gurunipun sami anggegadhang ung tembe medalipun Suhardi saking pamulangan ngriku sageda klebet dhateng pamulangan calon guru.

5). Dumugi ing janji

Watawis jam sadasa siang ing Kantor Pos Purwokerto wonten/ satunggaling tuyang mem-neman nglintokaken pos /47/ wesel kalih lembar regi nyatus rupiah. Sasampunipun tampi yatra tiyang nem-neman wau kesah saking ngriku. Sareng lampahipun dumugi ing margi lajeng kendel katingal ing semukados amangu-mangu badhe dhateng pundi purugipun, wusanan lajeng mlampah mangilen. Sareng lampahipun dumugi ing salering station terus linggih ing papan pakendelan. Sadangunipun linggih tiyang nem-neman wau sakedhap-sakedhap ningali seretipun pengetan, lajeng ngunjal ambegan sarta asangga wang kados pratingkahipun tiyang ingkang saweg nandang Kasusahan. Boten dangu trem ingkang Maos dhateng, sanalika ing stasiun ngruku rame sanget, tiyang-tiyang ingkang sami mudhun saking kreta kados sulung medal saking lengipun, ingkang minggah sami arebut dhucung kuwatos manawi boten pikantuk panggenan. Swaraning tiyang sesadeyan sami pating brengok nawkakun daganganipun, kuli-kuli sami rebatan babaktan. Nalika punika/ wonten tiyang ingkang saweg mandhap saking trem nyelaki tiyang nem-neman ingkang linggih wonten papan pakendelan wau sarta lajeng apitaken :

"Lho kowe nang kene Ji, saka ngendi bae?"

"Saka Kantor Pos, lah kowe saka ngendi?".

"Aku saka Cilacap dikongkon Lurahku perlu rembugan prakara manis jangan karo landa ing Cilacap kono".

"Apa saiki arep terus bali?".

"Iya, ayo ta bareng, mengko padha patungan nunggang dhokar".

Nalika tiyang nem-neman punika dipuncariysi makaten sakala lajung kendel sakedhap kados tiyang kaweden, wusana lajeng sareng-sareng sami ngrembag dhokar. Sasampunipun pikantuk lajeng dipuntumpaki. Sadangunipun wonten ing dhokar tansah sami cacriyosan ingkang satunggal apitaken makaten :

"Ora ta Sbarji, dheleg-dheleg kowe kuwi kok kaya lagi prihatin banget iku sebabe apa ?"
"Genah mentas kalah gedhen ngene kok".
"Ana ngendi?"
"Ana ing Kalurahan Jatisari dhek malem minggu!".
"Kalah pira ta?".
"Ora memper dhuwit pitung puluh lima kurang luwuh telung jam bablas!"
"Mungsuhi sap bae?"
"Lurang Jatisari, Lurang Karang Madya, sijine mbuh sapa aku orang terang!"
"Lah, kate pira?"
"Kuma las, gumunku kuwi Di, ora memper wong kimang katan kok ora jit ora ngocok, saben-saben pasang jago kedhuwur, saben-saben ceki ora metu!".
"Ah, kretu yan pancen lagi matti mula ngono. Lah lungguhmu ngarep ngendi ?"
"Marep ngalor !"
"O, mesti bae kalah, yen malem minggu pancene kudu marep ngidul, nanging prakara iku Ji ora prelu kok prihatinake awit wong main kuwi jarang, yen ora kalah ya menang".
"Ya mula ngono, naging sing dak susahake iku dhuwit sing dak enggo pawitan, sebab iku dhuwit panen. Mangka dina sesuk ora kena ora kudu dak lirone. Mangka saiki aku durung nyekel".
"Yà golek akal ta !"
"Golek akal aku wis orang bisa awit . . . . . / /50
"Bodho kowe ! Akale rak kalahmu kuwi kudu dioyak, saiki kowe duwe dhuwit piro?"
"Yen dhuwit saiki aku ngandut rong atus luwih, nanging sing pancen dhuwitku dhewe mung sepuluh rupiah"
"Lah ya kuwi dienggo ngoyak kalahmu, yen kebenar mujur sajam bae kalahmu rak bida bali, mengko kena kanggo nglironi dhuwit kang kudu kabayar sesuk kuwi!"
"Apa ngono Di ?".
"Lah yen orang ngono priye? Iku tumrap aku, yen kowe ya saka karepmu kono, dene yen kowe pancen pengin ngoyak kalah-

mu kuwi, saiki mampira menyang oamhku mengko dak undangake mungsuh sing dhuwite akeh!".
"Ya becik, tekad-tekadan mati apa urip!".
Sareng lampahipun dumugi satunggiling dhusun lajeng kendel ingkang numpaki sami lumebet dhateng satunggiling griya ing dhusun ngriku.

Kacariyos Karta Sengari ing Dhusun Ketawis ing wanci sonten sami lelinggihan wonten ing ngajengan kaliyah semahipun punapa dene anakipun estri, boten dangu wonten tiyang dhateng : /
"Kula nuwun".
"Mangga, lho nak mandhor, mangga ta mlebet kemawon!"
"inggih".

"Lho kok dengaren dalu-dalu kersa rawoh mriki wonten perlu punapa Pak mandhor ? Mangga ta lenggah".
Tamu wau lajeng mapan linggih sandhingipun Karta Sangarikaliyan wicanten makaten:
"Anu Pak, sowan kula mriki dipunutus Tuwan supadon nuwehi kang putra Dhik Suharji sampun wangsul punapa dereng?"
"Derang wangsul, malah kula nembe kemawon reraosan kaliyan semahipun, dene Suharji sampun kalih dinten dereng wangsul".
"Inggih mila Tuwan ketingal duka sanget. Dhateng kula mriki punka kadhawuhan nuweni punap sampun wangsul punapa dereng, wusana dereng wangsul. Lah mangke badhe kados punapa kemawon dukanipun Tuwan ! Ah, eman temen dhik Suharji kok dadi ngono".
"Lho, kesahipun punika dhapur dipunutus punapa kajengipun piyambah¾"
"Kesahipun mila dipunutus Tuwan Kapurih nglintokaken pos wesel dhateng Kantor Pos".
Bu Karto Sengari nyambung pitaken:
"Mangkatipun kala dinten punapa nak mandhor ?"
"Kala winginipun, dados sampun pikantuk kalih dalu. Rak boten memper, tiyang dhateng kantor pos kok ngantos sipeng kalih dalu, mila Tuwan dukanipun sanget ngantos kula tumut

ajrih, mangka dinten wingi dhik Suharji kaleres mboyari kuli-kuli".
Semahipun Suharji nyambung pitaken:
"Lajeng kados pundi ?"
"Inggih kapeksa dereng sami kabayar, sebab yatra kula ugi sampun wonten tanganipun dhik Suharji".
"O, wong edan-edanan kepengin dilebokake bowi ayake dene gumampang ngono".
"Sampun Pak Karta Sengari kula nywun pamit wangsul manawi selak dipun ajeng-ajeng Tuwan".
"Inggih andherekaken sugeng".
"Kesuwun Pak".

Sadangunipun Pak Karto Sengari omong-omongan kaliyan tamunipun ing jawi wonten tiyang ngintip saking selaselaning pager. Sareng tamunipun Pak Karto Sengari pamitan, tiyang wau lajeng nglingker dhateng sawingkinging griya lumebet/ ing kebon.

Ing dalunipun semahipun Suharji Kraos boten sekeca, sakedhap-sakedhap trataban, mila meh sedalu muput piyambakipun boten saged tilem sakedhik-sakedhika.

Ing wanci jam tangsal enjang ing sisih wetang sampun katingal trontong-trontong abrit, mracihnani bilih Sang Hyang Bageskara sampun meh mlethek. Redi Slamet ingkang dunungipun wonten selering dhusun Ketawis sampun katingal anjenggereng adamel sengseming pandulu. Pekasi-pekasi sami mungel pating cruwet, menggah sageda ngucap sami naglairaken bingahipun manah, dene saget menangi rahina malih.
Ing margi ageng sawetanipun dhusun Ketawis sampun wiwit. Iang margi ageng sawetanipun dhusun Ketawis sampun wiwit wonten tiyang langkung, inggih punika tiyang-tiyang ingkang badhe sami dhateng peken Kebumen utawi ing Purwokerto.

Nalika punika Mbok Karta Sengari ugi sampun tangi lajeng medal dhateng jawi, perlu badhe mendhet toya wulu ing pancuran ingkang dunungipun wonten sawingkinging griya.
Sareng lampahipun Mbok Karto Sangari meh dumugi ing pan-

curan sanget kagetipun dene ing panging wit dhuku ingkang dunungipun sacelaking pancuran ngriku wonten tiyangipun anggantung, ilatipun mele-mele. Sareng dipunwaspadakaken ketingalcetha biling punika mantunipun. Sanalika punika manahipun Mbok Karto Sengari kawuwir asemu ajrih, wusana lajeng anjelih: tulung. . . tulung . . . . tulung/ /54/
Pak Karto Sengari punapa dene anakipun estri ingkang taksih wonten ing patileman sanget kaget kagetipun mireng swantenipun tiyang jelih-jelih, lajeng enggal medal lumajeng dhateng panggenanipun swara wau. Sadumunginipun ing panggenan lajeng pitaken dhateng ingkang estri :
"Ana apa ta, ana apa ?"
Mbok Karta ngecungi tiyang ingkang bumantung kaliyan welwelan: "Kae apa, delengen kae!".
Sareng Pak Karto Sangari sampun cetha biling sinten ingkang gumantung punika sakala lajeng adheleg-dheleg kados tiyang kamitenggengen, nanging anakipun estri lajeng andhawah ing siti keliyang jelih-jelih: " O, kang Suharji kebangeten temen anggone gawe wirang marang wong".

Pak Karta Sengari sareng sampung enget lajeng cengkelak lumajeng nabuh kenthongan, nyasmitani bilih ing ngriku wonten raja pejah. Boten dangu Lurah dhusun Ketawis saprabotipun punapa dene tiyang sanesipun sami dhateng sarta ngrubung jisimipun Suharji ingkang anggegiling prabot dhusun supados anglaporaken prakawis punika dhateng Asisten. Watawis jam sedasa Asisten Wedana dhateng kadherekaken upas. Asisten Wedana lajeng dhawuh dhateng upas supados nitipriksa badanipun Suharji wonten tatunipun punapa boten./ /55/
Pinanggih ing papriksan badanipun Suharji wetah. Asisten Wedana lajeng dhawuh dhateng Carik dhusun supados ngukur sepinten inggilipun sukuning jisim saking siti lan pinten inggilipun pangingkang kangge anggantung punika. Sadaya ukuran punika dipun serati wonten pengetanipun Asisten Wedana. Asisten Wedana lajeng dhawuh makaten :
"Saiki jisim wis kena diuculi, nanging kandhutanane priksanen ana isine apa !"

Tiyang sawatawis lajeng nguculi jisimipun Saharji saking panging wit dhuku kaselehaken wonten ing siti. Sareng dipun priksa pinanggih ing kanthonganing rasukanipun Suharji wonten yatranipun telen satunggal-satunggal, serat gantosan tigang lembar lan serat-serat pengetan wontenipun kuli-kuli ingkang padamelanipun dereng kabayar.

Asisten Wdana lajeng dhawuh makaten :
"Jisim iki wis kena dipulasara apa mesthine, mengko sore bae kira-kira jam papat Karta Sengari saanak bojone lan kang Lurah saprabote padha dak undang ing Asistenan".
Lurang mangsuli : "Inggih".
Asisten Wedana lajeng wangsul, wonten ing margi raosan dhateng upasipun:
"Iki mau dayaning kartu, upas".
"Inggih bendara".
"Mau bangi kurang luwih jam rolas aku tampa laporan Tuwan Plembos, yan sing anggantung kuwi mau dikongkon ngijolake pos wesel rega rong atus rupiah rong bengi ora bali. Kari-kari esuk wis anggantung ngono".

Sapengkaripun Asisten Weana jisimipun Suharji Kapulasara samesthinipun. Ngantos lami pejahipun Suharji punika dados reraosaning tiyang-tiyang dhusun ngriku.

6) Babaring Lelampahan.

Angleresi malem minggu kamar bolah jawi ing Bukateja kathah para priyantun sami among suka. Wonten ingkang main bolah, ajar eksa, maos serat kebat lan wonten ugi ingkang namung lenggahan sinambi mirengaken ungeling gangsa. Ingriku wonten satunggaling priyantun ingkangsaweg sepisan punika dhateng kamar bolah wau. Nilik pasemon saha solah bawanipun mrecihnani bilih piyambakipun priyantun pindhahan enggal. Wonten satunggaling priyantun nyelaki priyantun enggal wau prelunipun nepangaken, wicantenipun:
"Kula aturi nepangaken, kula Wakidin mantri pulisi ngriki".
"Inggih, kula Kartaatmaja upsekater enggal"

"Sampun pinten dinten rawuhipun wonten ing Bukateja ngriki?"
"Manawai boten lepat sampun sedasa dinten punika".
"Sewau wonten ing pundi?"
"Nalika benum sepisan wonten ing Semarang, lajeng pin- /58/ dhah dhateng Surabaya. Saking Surabaya dhateng Wonogiri, saking wonogiri dhateng Temanggung, saking Temanggung ngriki. Panjenengan punapa sampun dangu ngasta mantri polisi wonten ngriki ?"
"Sampun tigang taun".
"Rumiyin wonten pindi?"
"Rumiyin kula juru serat Wedana Klapagadhing Cilacap".
"Dhines sampun pinten tahun?"
"Manawi boten lepat wiwit pangkat juru serat tulungan sampun wonten gangsal welas tahun".
"Inggih".
"Sumpun kangmas, mugi sampun dados panggalih, kula kapeksa wangsul rumiyin, jalaran dalu punika kula gadhah sesanggeman padamelan polisi. Sanes dinten kemawon kangmas kula aturi rawuh dhateng pondhok kula sawingking Kawedanan".
"Inggih".

Watawis jam kalih welas dalu kamar boleh sampun katutup. Let sawatawis dinten priyantun enggal wau dhateng griyanipun mantri polisi kaliyan semahipun.
"Kula nuwun!"
"Mangga, o kangmas mangga kula aturi lumebet".
"Inggih".
Tamu sakaliyan lajeng dipun acarani linggih dening mantri/ /59/ polisi Wakidin jaler estri. Boten dangu wonten lare jaler nomnoman medal saking griya, mantri wau lajeng wicanten :
"Mrene Di, tepungan karo pak upas iki".
"Inggih".
Lare nem-neman wau lajeng nyerat kursi serta mapan linggih radi kapara tebih saking kalanganing tamu, mantri polisi Wicanten:
"Punika anak kula ingkang saweg medal saking pemulangan calon guru".

"Inggih kula aturi nepungaken nek kula Kartaatmaja berah pagantosan".
"Inggih kula Suhardi"
"Mangga lo lenggahipun majeng kemawon".
"Inggih".
Suhardi ngajengaken kursinipun sawatawis kangge ngecani tamunipun.
"Dadøs anak saweg kemawon medal saking pamulangan calon guru makaten ?"
"Inggih rampung ing eksamen nalika tanggal kaping salawe wingi puniak, tanggalipun nem likur ruwah kula wangsul mriki".
"Sapunika sampun ayem namung kantun ngajeng-ajeng dhatang ing pangkat kemawon".
"Inggih, boten sanes namung pangestu panjenengan ingkang/ /60/ kula suwun".

Ngantos dangu priyantun enggal wau anggenipun maratamu dhateng Kemantren. Wiwit nalika samanten mantri polisi lan upase wau asring sanjan-sinanjan.

Nuju satunggaling dinten mantri polisi jaler estri punapa dene Suhardi dhateng Upasekateran. Sasampunipun sami lenggahan sawatawis dangunipun pasugatan wedang teh medal. Ingkang ngladosi lare estri ingkang sulistya ing warni tur saweg nedhengipun birahi. Nitik solah bawanipun mracihnani lare estri punika lare ingkang pikantuk panggula wenthah sae. Mantri polisi sekaliyan sampun terang dhateng estri punika, namung Suhardi ingkang saweg sepisan punika sumerep, ign batos Suhardi sanget kepranan dhateng warni sarto tindak-tandukipun sang anyar katon, ngantos alenger-lenger. Wusana kaget dening ibunipun wicanten makaten :
"Đi, iki yu Suharti putrane pak Up".
Suhardi mangsuli kaliyan seret: "Inggih".
Upasekater nyambeti wicanten:
"Ti, iki dhik Suhardi putrane pak mantri polisi, rono nepungake!"
Suharti sakala lajeng katingal isin sanget, wusana mangsuli kanthi seret: "Inggih".

Sinambi wedangan tamu lan ingkang gadhah griya sami//61/ caryyosan warni-warni, sakedhap-sakedhap kapireng sami gumuyu ger-geran, namung Suhardi lajeng asring-asring kendel kemawon ketingal ing semu kados ingkang dipunmanah. Dene Suharti boten ketingal medal-medal malih andadosaken cuwaning manahipun Suhardi. Sasampunipun sawatawis dangu tamu pamitan wangsul.

Kasariyos ing Banjarnegara wonten satunggaling priyantun guru taksih jejeka. Nuju satunggaling dinten kaleres wonten ing pamulangan priyantun guru wau kengkenan salah satunggaling murid nglebetaken serat dhateng kantor pos.
Nitik pangintunipun serat wau sarana angeteken mracihnani bilih wigatos.

Nuju satunggaling dinten mantri polisi wakidin ing Bukateja sami lnggihan wonten ing wingking kaliyan semahipun, mantri polisi wecanten :
"Dhi, iki mau anakmu si Suhardi kirim layang sarana angeteken".

"Layang apa kok nganggo angeteken barang ?"
"Surasaning layang dheweke wis karep omah-omah, dene kang dijaluk yaiku si Duharti. Sadurunge aku pancen wis ngerti yen dheweke pancen sido mrono, nanging aku ethok-enthok ora ngerti bae, prelune supaya bab iku mecaha dhewe"./ / 62/
"Pancene ngono mas, wiwit dhewe pancen seneng marang Suharti semune wis ketara. Aku dhwe pancen seneng marang Suharti mung bae apa kira-kira Suharti durung ana sing ningsieti?"
"Mas Up wis klakon ngendikan karo aku, yen Suharti wis ana wong teka papat kang anjaluk, nanging bocahe . . . .
Saweg samanten mantri polisi anggenipun rerasanan kaliyan semahipun dumadakan ing ngajeng wonten swaraning tamu dhateng :
"Kula nuwun!"
"Mangg"
Mantri polisi enggal medal nuweni tamunipun, sareng sampun terang lajeng dipunacarani wicantenipun :

"Mangga mas Up kula aturi lenggah ing wingking kemawon".
"INggih".
Tamu lajeng mlebet dhateng wingking sarta sami tata lingguh. Sasampunipun cecriyosan warni-warni mantri plisi lajeng wicanten :
"Kula mentas tampi serat rekes kangmas"
"Serat rekes saking pundi dhi?"/
"Saking kang putra Suhardi".
Seratipun Suhardi lajeng kasukakaken dhateng tamunipun kaliyan wicanten:
"Lah punika punapa seratipun!"
Serat dipuntampini dening Upsekater. Sasampunipun titi pamaosipun, Upsakater lajeng wicanten kaliyan mesem:
"Adhi, bab punika kula namung anderek-ndherek kemawon, sok ugi larenipun jaler estri sampun sami conghongipun, awit jaman sapunika bebasan kebo manut gudel. Rak makaten ta adhi sakaliyan?"
Mantri polisi jaler estri mangsuli:
"Inggih mila makaten".
"Punika kemawon seratipun kula suwun, bahe kula tedahaken kang putra Suharti".
"Prayogi sanget kangmas".

Sasampunipun rembagan sawatawis dangu Upasekater pamitan wangsul. Sadumuginipun ing griya serat lajeng kasukakaken dhateng semahipun. Sesampunipun titi pamaosipun Mas Ajeng Sekater alajeng wicanten asemu bingah :
"Mugi-mugi Gusti Allah marengna jodho. Kanggoku rumasa wis cocok banget. Balik sampeyan priye mas ?"
"Aku mangkono uga, mung kari anakmu bae kir-kira kepriye, mula jajal bocahe undangen layang iku tuduhna!"/ /64/
Mas Ajeng Sekater lajeng ngundang anakipun : "Ti, Ti . . . . "
"Kula".
"Kowe lagi apa ?"
"Saweg miru agemupun nyamping bapak".
"Renea sedhela !"
"Inggih".

Suharti lajeng dhateng nyelaki ibunipun sarta Upsakater lajeng lumebet dhateng kamar, awat-awat mapan tilem. Wicantenipun Masa Ajeng Sekater Kaliyan ngulungaken serat :
"Ti, jajal layang iki wacanen !"
Serat dipuntampeni dening Suharti lajeng kawaos. Sadangunipun Suharti maos serat punika, manahipun tansah dheg-dhegan Sareng sampun titi pamaosipun serat lajeng kaselehaken ing meja, katawis ing semu kados isih. Wusana lajeng cengkelak kesah ngrampungaken anggenipun nyambut damel. Ing batos Suharti rumaos kapamujan sanget, nanging wantuning kenya mila kathah samudananipun. Enggaling cariyos rembag punika sampun kadadosan. Sareng sampun dumugi titi mangsa panganten jaler estri kaijabaken mawi ngaturi pengulu dhateng Upsakateran. Nangin panggihing/panganten boten mawi kawiwaha /65/ ageng-agengan, namung ambujeng cekaping perlu kemawon. Awit mantri polisi punapa dene Upsekater sami nunggil pamanggih bilih ngemah-emahaken lare sarana kawiwaha ageng-agengan punika boten wonten perlunipun babar pisan.

Panggihipun Suhardi lan Suharti kadhawahaken malem minggu. Kirang langkung jam pitu sonten panganten kaijabaken, bakda ijab terus dipun panggihaken. Boten dangu wilujengan walimahan medal lajeng sami dhahar. Bakda kenduren walimahan lajeng sami lenggahan.

Ing ngriku wonten satunggiling tamu, umur-umuranipun sampun setengah sepuh. Nitik tamu sanes-sanesipun dereng wonten ingkang tepang mracihnani bilih tamu wau dhateng saking manca nagari. Linggihipun tansah nebih saking kalanganing priyantun. Sareng sampun watawis radi dangu wonten priyantun nyelaki tiyang sepuh wau kaliyan wicanten:
'Nuwun Pak, kula aturi nepangaken kula babakipun panganten".
"Inggih kesuwun, awon-awon kula bapakipun ingkang gadhah griya ngriki".
"O, inggih. Ingkang dipun dalemi wonten ing pundi ?".
"Griya kula wonten sangandhaping redi Slamet inggih punika

dhusun Karang Madya, Onder Distrik Kebumen bawah/ /66)
opedheling Purwokerto".

Ingkang pitaken sareng mireng tembung Karang Madya sakala lajeng kengetan mitranipun lami ingkang. wonten duhusun Karang Madya, mila lajeng nerusaken pitaken:
"Punapa Pak Karta Mamad bebauning dhusun Karang Madya taksih wilujeng ?"
'Ing dhusun Karang Madya nama Karta Mamad boten wonten kalih tiga namung kula, dados inggih taksih wilujeng".
Ingkang pitaken lajeng ngrangkul dhateng tiyang sepuh wau kaliyan wicanten pegat-pegat:

"O, Pak Karta Mamad, kula boten nginten pisan-pisan badhe wonten lelampahan makaten. Punapa Pak Karta Mamad kesupen dhateng kula ? Kula Wakidin semahipun Sudiyah".
Tiyang sepuh wau namung gedheg-gedheg kaliyan nyebut Asmanipun ingkang maha Suci :
"Alhamdulillah, alhamdulillah, ora nyana temen. Pundi Sudiyah, pundi Sudiyah ?"
Nalika punika Mas Ajeng Mantri Polisi lajeng medal saking griya, boten ngengeti yen ing ngriku saweg kathah tiyang. Sakala lajeng anjelih ngrangkul ngrungkebi pangkonipun/ /67/
Pak Karto Mamad. Ingkang gadhah griya jaler estri punapa dene para tamu sanes-sanesipun sami dheleg-dheleg boten ngretos pisan dhateng sebab-sebabipun wonten kadadosan-kadadosan kados makaten.

Sareng tiyang tiga wau sampun sami rumaos marem anggenipun anglairaken bingahing manahipun lajeng sami tata linggih ngandharaken lampahanipun wiwit pepisahan gentosan-gentosan. Tamu-tamu sami mirengaken kanthi kesduning manah. Ing wusana sami ngalembana dhateng saening bebudenipun tiyang tiga wau.

Watawis jam kalih dalu tamu bibaran. Upsekater jaler estri, mantri polisi jaler estri sami cecriyosan gentos-gentosan ngantos dumugi enjing. Wekasan sami-sami muji syukur dhateng Gusti Allah dene sampun paring kamirahan semanten agengipun.

Let sapeken panganten jaler estri boyongan dhateng Banjarnegara, Pak Karta Mamad tumut nguntapaken boyonganipun ngantos dumugi ing Banjarnegara. Saking Banjarnegara terus wangsul dhateng dhusun Karang Madya kanthi bingahing manah.

Dene Suhardi lan Suharti anggenipun jejodhoan tansah atut rukun, jaler estri sami saget ngrigenaken pamedalipun wusana manggih seneng salami-laminipun lan katrimah ing panginggilanipun.

Let sawatawis taun mantri polisi Wakidin tampi beselit /68/ katetepaken dados Asisten Wedana wonten ing Onder Distrik Kebumen bawah Opdheling Purwokerto. Nalika malem badhe bidhalipun Wakidin dhateng Kebumen, ing kamar boleh jawi Bukateja kawontenaken tetingalan pethilan ringgit tiyang lan pesta sawetawis, perlu kangge angurmati pindhahipun Wakidin. Awit sadangunipun Wakidin dados mantri polisi ing Bukateja kalebet kathah kasaenanipun, mila saking kersanipun ingkang Wedana kanthi sarembag kaliyan Lurah dhusus ing bawahipun.

Pindhahipun Wakidin saking ngriku perlu dipun kurmati sawatawis. Nalika bidhalipun Wakidin saking Bukateja kathah sanget priyantun jaler estri ingkang sami nguntapaken dumugi ing stasiun trem.

Kacariyos nalika dhatengipun Wakidin ing onder Distrik Kebumen Lurahing dhusun Karang Madya sampun kakendelaken saking padamelanipun. Awit nedha yatra paos lan kalepatan sanes-sanesipun. Gesangipun ki Lurah dhongkol Karang Madya wau sangsara sanget. Dene ingkang anggentosi Lurah dhusun Karang Madya inggih punika Pak Karta Mamad.

